


# DEMONOLOJI, DOMÈN RELIJE

 M ap mande m konbyen ki konn ti chante sa a, antan m ap salye nou ak fratènite Kreyen ki gen plis chalè a ak lanmou Kris jodi a, konbyen ki konn ti chante sa a: “Li Sousye De Ou”? Nou konnen li? Trè byen, ann wè si nou genyen li. Ou konnen li, sè? Ou konnen? Kounye a:

Li sousye de ou,  
Li sousye de ou;  
Nan reyon solèy oswa lonbray,  
Li sousye de ou.

O, sa a bon. Ann eseye li ankò kounye a.

Li sousye de ou,  
Li sousye de ou;  
Nan reyon solèy oswa lonbray,  
Li sousye de ou.

[Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

<sup>2</sup> Papa nou ki nan Syèl la, nou remèsye Ou poutèt Ou sousye de nou e manifeste lanmou Ou anvè nou, sitèlman ke Ou te voye Pwòp Pitit byenneme W la, pou . . . Pitit Bondye inosan an, pou pran plas pechè koupab. Ala nou remèsye Ou, ke Ou te sousye de nou e te atantif a nou, pou fè sa! E nou tèlman gen apresyasyon, Seyè. Nou kontan pou n rasanble isi a apremidi a, anba vout syèl la, e mande benediksyon W yo sou sèvis sa a. Akòde, Seyè, ke chak gason, fanm, ti gason oswa tifi ki isi a, ka etidye fon kounye a nan Lèzekriti. N ap fè fas a yon mond ki kontwole pa Satan. E, Papa, nou priye, antan n ap etidye pwisans demon yo ak kisa yo fè moun, ke Ou va ban nou yon gran lafwa, e se pou anpil gran siy ak mèvèy reyalize. Paske, nou mande li nan Non Kris e pou glwa Bondye. Amèn.

<sup>3</sup> Nou, ap abòde etid apremidi a, byen rapid ladan l, mwen sipoze, apeprè kenz minit pi bonè. Li toujou sou *Demonoloji*.

<sup>4</sup> E kounye a mwen jis gen yon mesaj, sa fè yon moman de sa; Frè Beeler, de zanmi m yo. E mwen kòmanse ann Afrik, mitan mwa jiyè a. Kifè sa regle li, nou ranje li kounye a. E Frè Baxter pa ka ale nan moman sa a, kifè mwen pral gen pou m ale ann Afrik pou kont mwen. Kifè mwen prale lòtbò la a ak . . . se pou . . . Nou dwe priye pou mwen kounye a, ke Seyè a va ede mwen, paske mwen vrèman pral bezwen li kounye a, lòtbò la a nan mitan . . . M ap tann omwen de san mil moun nan reyinyon sa a.

<sup>5</sup> E mwen te gen yon vizyon ki te ekri isi a. Mwen vle noumenm moun yo pran avantaj nan li. Li te rive an desannm. Mwen te nan chanm lan yon jou maten lè Anj Seyè a te antre. Mwen . . . Nou wè, lè mwen te lòtbò la a, mwen te dezobeyi Bondye, e

mwen te pran amib. Nenpòt moun konnen—konnen kisa amib ye, yon parazit ki rive . . . prèske touye w. E poutèt mwen te fè yon bagay Bondye te di m pa fè. Konbyen ki te tandè istwa sa a? Mwen sipoze kèk nan nou isi a. Mwen konnen moun yo ki sot nan viwonn tabènak la te tandè istwa a sou kisa ki te rive. Bondye te di m ale nan yon plas, epi rete lwen plas *sa a*, epi tounen la a nan yon lòt plas. E mwen kite predikatè konvenk mwen pou m pa fè l. Bon, predikatè yo mèveye, e yo se frè mwen, men tandè sa Bondye di w. Se vre. Ou wè? Ou gen yon sèl misyon.

6 Konbyen ki sonje yon fwa te gen de pwofèt nan Bib la? E youn nan yo, Seyè a te di li, Li te di: “Ale nan yon *sèten* plas. E piga ou—piga ou vini . . . Tounen nan yon lòt chimen,” e latriye. E—Li te di: “Piga ou manje oswa bwè pandan w la a.”

7 Yon lòt vrè pwofèt te rankontre li, epi li te di: “Seyè a te rankontre m apre Li te fin rankontre w.” Epi l te di: “Vin lakay mwen.” E pwofèt la te koute sa lòt la te di a, epi li te pèdi lavi li poutèt sa. Ou wè, fè sa Bondye di w fè kèlkeswa sa nenpòt lòt moun di.

8 Kounye a nou se . . . Nan vizyon sa a, Li . . . Se sa ki te reveye m, nan trèz septan- . . . oswa desanm. E—e antan m te chita sou bò kabann mwen, mwen tap mande tèt mwen kisa lavni mwen tap ye. Mwen . . . Lè mwen tounen bò isi a, yo te pare pou jete mwen nan kay lapès la, parazit yo te jis prèske pote m ale. E yo fè mwen pase egzamen lè mwen te poze pye m nan peyi a. E, pa gras Bondye, yo jis kite m al lakay mwen, paske li te gaye anpil. E mwen te priye, e mwen t al jwenn minis sa yo, mwen te di: “Seyè a te di mwen pou m pa al nan direksyon sa a.”

Yo te di: “O, Bondye ka pale ak yon lòt moun apa oumenm.”

9 Mwen te di: “Kore te gen lide sa a yon fwa.” E kifè, men mwen te ale dèyè kèk fèy epi mwen te depoze li sou pye yo, e mwen te di: “Sonje, nan Non Seyè a, si nou fè vwayaj sa a la a, se pral yon echèk, e nou tout ap peye pou li.” E se sèten nou te peye! O la la! Nou tout te prèske mouri. Kifè donk nan tounen . . .

10 Ou gen pou w goumen ak tèlman anpil bagay nan peyi etranje sa yo. Pa egzanzp, gen yon ti pis si l ta mòde w, li tap lakòz ou gen lafyèv tik. E ti bagay sa a, lè li mòde w, si ou santi ou gen demanjezon, ou pa ka grate l. Ou gade, si se yon ti bonnonm nwa, pa rache l. Li gen yon ti tèt, li fè wout li anndan po a, vire tounen *konsa* epi tache tèt li. Si ou ta rache li, antan w rache l, tèt la ki anndan la a tap rete. Li gen yon viris nan li, ki tap paralize w. Kifè li . . . Pa grate, oswa pa rache li; jis pran enpe swif. E li respire nan do li. Lage swif sou li, epi l ap detache.

11 Apre sa gen yon ti moustik. Li pa fè yon tikras bri. Li vini dwat nan lè a, li jis [Frè Branham tape men li—Editè a.] manyen ou, se tou, ou gen malarya.

12 Epi—epi alò gen sa yo rele sèpan manba a. Si li pike w, w ap viv jis apeprè de minit apre li fin pike w.

13 E gen yon kobra jòn. W ap viv apeprè kenz minit apre li fin mòde w. E youn nan yo te pre pitit gason m lan ase, tankou li te ka poze men l sou tèt li. Li te deja leve, pare pou pike, anvan nou tire sou li, konsa.

14 E gen kobra nwa a. O, jis genyen tout bagay! Epi gen danje bèt sovaj yo, byensi, lyon, tig, oswa leopa, ak tout lòt bagay pou fè fas ak li, nan jeng lan. Epi maladi yo, gen jis tout kalite maladi laba a.

15 E ou genyen pou w fè fas ak tout sa lè w ale. Apa de sa, alò gen doktè sosye a pou ba w defi tout kote, ou wè, ak tout sipèstisyon yo ak tout bagay. Men, kijan, ala yon bagay mèveye pou wè Seyè nou an jis souke l jete, sòt sou yon bò al nan yon lòt bò, konsa, epi kontinye.

E jou sa a mwen sonje, m kanpe la a, ala byen, sa ki te pase a, m ap di nou yon lè nan yon lòt reyinyon, paske mwen vle rive sou sijè m lan apremidi a, nan *Demonoloji*.

16 Men la, e mwen tap panse a sa, antan m chita la a, ap mande kisa fen an ap ye? E nan tounen sot lòtbò lanmè, mwen konnen nou te gen apeprè san mil konvèsyon pandan nou te anndan la a. E vye Frè Bosworth vin jwenn mwen. Li te di, mwen te di: “Ebyen, Frè Bosworth?”

17 Li te di: “Mwen tèlman fyè de ou, Frè Branham!” Li te di: “Ou jis—ou jis nan kòmansman lavi a,” e li te di.

18 Mwen te di: “Ebyen, mwen sipoze tout sa fini.” Mwen te di: “Mwen depase karantan. Mwen sipoze mwen te livre yon bon konba epi mwen fini kous la.”

19 Li te di: “Depase karantan?” Li te di: “Mwen te nan laj sa a anvan mwen te konvèti.” Li te di: “Mwen toujou ale byen.” Li te sou pwèn gen katreven lane. E jis . . .

Mwen te panse: “Ebyen, petèt se ase jis.”

20 Kifè li te di: “Non, ou se jis yon Branham tou nèf kounye a. Ou jis konnen kijan pou kontwole reyinyon w yo pi byen, ak tout bagay.” Li te di: “Jis si ou janm atake Amerik jan sa dwe fèt, ak tout reyinyon ki òganize jan sa dwe fèt, kote ou ka rete sis oswa uit semèn nan yon plas, epi fè yo byen òganize li epi fè yo anonse l toupatou,” li te di “ou tap fè yon bagay, men, e pou Seyè nou an.” Kifè nou te kontinye, jis konsa, kifè se te trè—trè byen.

21 Alò kèk tan apre, mwen te gen yon vizyon, lè m te ann Amerik, e li vin jwenn mwen, e li te fè m retounen ann Afrik, e li te montre m menm reyinyon sa a, enstale la a devan Durban. E premye reyinyon an te disparèt nan listwa, ale nan direksyon Lwès. Dezyèm reyinyon an te parèt epi, nan moman sa, li te toujou pi gran pase premye a. E Li . . . Mwen te tandè yon rèl, e yon Anj tap sot nan Syèl; Li te gen yon gran limyè.

22 E Anj Seyè a ki kanpe bò kote nou isi a, te kan-. . . toujou kanpe a dwat mwen, sou bò *sa a*. E Li te kanpe la a, e Li tap—

tap vire toutotou. E mwen te wè Nonm sa a kanpe anba Li. Li—Li pa . . . Bon, se pa yon vizyon lè nou wè Li. Li jis reyèl menm jan n ap gade m lan. Enben, nou ka tandè L k ap mache epi pale avè nou. E lè Li . . . Nenpòt bagay, li jis reyèl menm jan an. E se pa yon vizyon; Nonm lan jis kanpe la a jis menm jan nou ye a. E vwa Li jis menm jan ak pa m ta ye oswa pa nou ta ye. Men yon vizyon, se yon bagay ki parèt devan w epi ou wè li, konsa. Men Nonm sa a jis vanse epi kanpe la a.

<sup>23</sup> Kifè Li te di m ke . . . kisa ki ta pral pran plas. E Li te di ke . . . Anj sa a te desann, e Li te di m pou m vire epi gade nan direksyon sa a. E sa te sanble se nan direksyon End, la a. Mwen pa di se ann End, men li toupre. Men yo te Endyen.

<sup>24</sup> Paske, Afriken yo gwo, kosto, moun lou ki gra. Kèk nan yo gen prèske sèt pye nan wotè, epi yo peze, o, desan katreven, twasan liv, kosto. Zulu yo, bon, Shangaan ak Basuto yo, e, o, gen anpil tribi diferan. Te gen kenz tribi diferan ki chita la a jou sa a, mwen tap pale avè yo.

<sup>25</sup> Mwen tap di yon pawòl, tankou: “Jezikri, Pitit Bondye a.” Mwen ta al pran yon vè dlo anvan li tale atravè tout entèprèt yo. Youn tap di . . . Epi tout kalite bri!

Mwen te konn panse, lè mwen te tandè moun Pannkotis yo k ap pale an lang, ke petèt youn ap pale nan fè yon kalite son epi lòt la ap pale nan fè lòt son, kijan nan mond lan sa te ka fèt? Men mwen kwè Bib la gen rezon, e mwen konnen Li gen rezon, lè Li te di: “Pa gen yon son ki san siyifikasyon.” Se vre.

Kèk nan yo tap di, youn nan yo fè: “Blrr blrr blrr blrr,” ki te vle di “Jezikri, Pitit Bondye a.” Yon lòt fè: “Cluk cluk cluk cluk,” se te “Jezikri, Pitit Bondye a,” nan langaj pa li. Kifè sa pa enpòtan ki kalite son li ye, li gen yon siyifikasyon yon kote. Se vre. Sa pa enpòtan ki kalite bri li ye, li vle di yon bagay pou yon moun yon kote. E lè Li te . . . Yo te transmèt sa.

<sup>26</sup> E mwen te remake ke sou bò gòch mwen, lè Anj sa a te desann epi m te wè tankou yon foul la a, e se te gason ak . . . yo te gen tankou yon sòt de—de dra toutotou kò yo, *konsa*, e sa te vlope yo epi sa te tache, tankou pou yon ti bebe, kouch la. E se sa l te ye. E mwen te ka jis wè osi lwen ke mwen te ka wè, se pat anyen ke moun. Epi Anj sa a te limen yon gran limyè kap balanse, e li kòmanse balanse devan deyè, *konsa*. E mwen pat janm wè anpil moun konsa nan vi m!

<sup>27</sup> Epi lòt Anj sa a te vini reyèlman tou pre m, epi Li te di: “Gen twa san mil ladan yo nan reyinyon sa a.” E mwen te genyen l ekri isi a. E nou ekri li nan yon kalite moso papyè, tankou mwen te di sou ti gason ki tap resisite nan Fenlann. Ekri sa sou yon fèy paj blanch nan Bib nou oswa yon kote, ke nan reyinyon sa a (Pral gen yon reyinyon. E n ap tandè li atravè kèk medya.) pral gen twa san mil moun ki patisipe nan reyinyon sa a. Kounye a, wè si sa pa vre. Sa pral twa fwa pi gran ke jan lòt la te ye a. Ou wè? Twa

san mil moun pou patisipe nan reyinyon an. E mwen jis tèlman kontan pou m rive vin la a, mwen pa konn kisa pou m fè, paske mwen renmen genyen nanm pou Seyè nou an.

<sup>28</sup> Epi laba a, yon sèl fwa, nan wè—nan wè trant mil payen primitif vin jwenn Jezikri nan yon sèl apèl alotèl, trant mil payen primitif.

<sup>29</sup> Kounye a ann al nan sijè nou an byen vit. Yè nou te etidye teknik demon yo. Mwen tap panse jodi a, alòske Bondye tap trete avèk mwen. Nou pa konn kisa sa reprezante libète pou ale pi devan. Bon, mwen pa yon anseyan. Mwen lwen pou m yon—yon kòmantatè Bib la. E mwen se . . . Edikasyon mwen limite a yon setyèm ane. Kifè se . . . E, sa, mwen soti lekòl apeprè vennsenk an de sa, kifè sa fè yon bon bout tan. E mwen pa gen anpil edikasyon, men tout sa mwen konnen se sa mwen resevwa atravè enspirasyon. E si enspirasyon sa a pa konpare ak Bib la, alò li fo. Ou wè? Li dwe Bib la. Sa pa enpòtan ki enspirasyon li ye, li dwe vini . . . *Men* fondasyon Bondye. Nanpwen lòt fondasyon ki poze ke Sa a. E kisa Sa ye, si sa mwen te di a te kontrè ak Sa, se pawòl mwen ki yon manti, paske Sa se Laverite. Ou wè? Ou wè? E si yon anj te di nou yon bagay ki te diferan ak Sa, Pòl te di: “Se pou li yon madichon,” menm si se yon anj Limyè. Bon, gen anpil gran bagay. Mwen sèlman . . . sèl la . . . Mwen te chwazi de jou, paske pou mennen sijè sa a bay moun yo, se te yè ak jodi a, nan reyinyon apremidi yo.

<sup>30</sup> Kounye a, rezon mwen te fè sa a, se pou bay tèt mwen yon ti esè pou wè si Bondye tap ede mwen. Gen yon bagay sou kè mwen. E sa se, ke, apre gran Mesaj sa a, e apre Bondye Limenm konfime sa ke mwen te di se Laverite, nan Pawòl Li; pa Pawòl Li, an premye, epi atravè siy ak mèvèy. Kounye a, mwen panse, ak Levanjil Verite a pou Legliz la, mwen gen obligasyon, anvè Bondye, pou m pote sa bay Legliz la. Se vre. Yo tèlman separe, nan tèlman anpil òganizasyon diferan ak pati sèkt nan li, jouk sa pa bon. Nou tout se pitit Bondye lè nou ne de nouvo, Sa a, ou wè. E verite nan bagay la se ke Bondye vle nou konn sa, ke nou se pitit Li.

<sup>31</sup> Kounye a, sonje, tanp Salomon an te taye, nan tout mond lan. E men yon wòch ki vini tòdye nan fason *sa a*, ak yon wòch ki tòdye nan fason *sila a*, ak youn ki taye fason *sa a*, ak youn ki taye fason *sila a*, men, lè li asanble ansanm, pat gen bri yon si, ni yon son yon mato, tout bagay te ale dwat nan plas li. Bondye te Enstriktè pou sa a.

<sup>32</sup> Bondye gen yon legliz ki rele Asanble yo, ak youn legliz de Dye a, ak youn *sesi a*, ak youn *sela a*. E, men lè yo tout asanble ansanm, y ap yon sèl gwo gwoup lanmou fratènèl, e Bondye ap mete, asanble Legliz sa a ansanm epi mennen Li anwo nan syèl la.

<sup>33</sup> Tout tablo selèb, anvan li janm pandye nan yon sal atistik, li dwe pandye, pase nan sal kritik la, dabò. Nonm ki te penn lan . . . ? . . . , oswa, padone m, mwen pa ka nonmen non li, te penn Dènye Soupe a, tout jan, sa te koute l tout vi li. Li te penn tablo sa a. Se te apeprè karant an, oswa dizan, mwen kwè, ant penn Kris ak Jida. E èske nou te reyalize, nan tablo selèb sa a, ke menm nonm lan te poze pou Kris, dizan apre li te poze pou Jida? Se vre. Li te fè l. Dizan peche, sot nan yon gran chantè opera, pou pran plas Kris, vin nan plas Jida. Ou pa gen pou pran dizan. Sa pran dis minit, pral fè w menm bagay la. L ap chanje karaktè ou, nan peche. Men, tout jan, tablo sa a te pase atravè tout kritik yo.

<sup>34</sup> E se sa mwen panse de Legliz Bondye, gwoup ki aple a. Ebyen, mwen pa vle di sa atravè okenn vye remak. Mwen navige sou sèt lanmè yo, e mwen sou twazyèm vwayaj mwen nan fè tou mond lan, e moun yo di: “Egzalte! Egzalte!” E mwen te eksplòre mond lan, e mwen poko janm jwenn yon moun ki egzalte. Se yon non dyab la tache sou moun yo. Se tou. Pa gen bagay konsa tankou moun ki egzalte. E mwen gen estatistik de tout sisan swasanntuit legliz diferan ki genyen, e ki òganize nan mond lan, pa gen yon sèl nan yo ki rele Egzalte yo. E sa sot nan gouvènman an. Pa gen yon sèl legliz Egzalte. Kifè, se te jis yon bagay dyab la te rele. Men, kounye a, nan tout sa, tout bagay sa yo, Bondye te penn yon imaj. E yon fwa vye ti legliz sa yo ki te genyen laba lòtwa a, kèk nan nou . . .

<sup>35</sup> Mwen gade mesye ak cheve gri sa yo. Pitit gason m lan, yè; mwen te nan sal la, ap etidye, epi yon minis te pase epi te di: “M ta renmen bay papa w lanmen.” Byensi, pitit gason m lan te pase nan lekòl Frè Baxter ak lòt yo, yomenm se kareman: “Non,” se tou, touswit. Mwen pa renmen sa. Ou wè? Sa pa enpòtan si mwen . . . Byensi, mwen pa ka sèvitè lòm ak Bondye, tou. Men mwen panse mwen renmen bay lanmen ak frè m yo. Mwen renmen fè sa. Gen yon bagay nan sa, mwen renmen bay lanmen ak yon—ak yon minis. Pa sèlman yon minis, men nenpòt pitit Bondye, mwen renmen fè sa. Mwen pat konn anyen sou sa jiskaske madanm mwen te di m on tikras pita. Ebyen, si li te ka di minis sa a: “Jis yon minit, li dèyè a la a nan lapriyè, e—e m ap wè sa l ta di.” Ebyen, sa, sa tap pi bon. Kifè mwen ba li yon ti koreksyon sou sa, pou l pa fè sa. Ou wè?

<sup>36</sup> E kifè se vre, nou jis pa ka vini touswit, jan frè a te di sa fè yon moman de sa. Si nou fè sa, alò nan aswè mwen—mwen bouke, nou wè. Moun yo pran pale, e tout moun petèt gen yon maladi, e lè yo pran pale de sa, touswit, men Anj Seyè a la menm pou di kisa li ye.

<sup>37</sup> Gen yon moun ki chita, ap gade m dwat kounye a, ki konnen sa se vre, depi jis kèk minit de sa, oswa apeprè inèdtan edmi de sa. Yon dam ki chita isi a, ki pat konnen kisa sa te ye, ke Anj Seyè a te pale avè li lòt jou swa a epi te di l yon bagay, e li pat ka konprann li. Men jodi a li te rive, kifè li konnen kounye a kisa sa

vle di lè Li tap pale avè l. E kijan, nan kanpe la a ap pale avè l, Anj Seyè a te vini dirèkteman epi te di l kisa pwoblèm li te ye, ak kisa tout sa te ye, e—e a kisa li tap panse, e youn nan byenneme l yo, e kijan Bondye te pale epi te di Li te konfime sa, ak kisa ki ta pral pase. Kifè se jis egzaktteman fason sa pral pase. Ou wè? Bondye te di sa.

<sup>38</sup> Ebyen kounye a, e si apeprè kèk fwa sa janm . . . Epi, e chak vizyon jis febli ou pi plis konsa, ou wè. E premye bagay ou konnen, lè ou rive nan legliz la nan aswè, ou jis tèlman bouke nèt jouk ou jis pa konnen apèn kisa pou fè. E priye pou mwen kounye a, ou wè, paske se sot nan yon reyinyon ale nan yon lòt, nan yon lòt. Si se te sèl reyinyon an, sa tap diferan, si mwen ta pral lakay mwen kounye a epi m pa ta pral fè anyen pou kèk mwa, soti epi pran liy lapèch mwen epi al fè lapèch. Men mwen dwe ale sot nan yon reyinyon dwat nan yon lòt, sot nan youn dwat nan yon lòt, ou wè. Se sa ki lakòz.

<sup>39</sup> E nou tout priye, noumenm moun yo isi a nan oditwa a. Yo te di m yè swa ke mwen—ke mwen tap pale a yon sèten moun, e moun lan pat reponn apèl la. Kounye a, sa trè danjere, ou wè. Lè yo te di sa . . . Ebyen, pafwa limyè sa yo pa klere, gen yon pwèn nwa nan mitan la a.

<sup>40</sup> E mwen siveye Anj Seyè a lè Li kanpe isi a, mwen ka santi sa. Apre sa m ap santi L deplase sot kote m, e m ap siveye, L ap kite mwen epi La pral lòtbò yon kote epi kanpe la a on ti kras, e mwen ka wè Li. Epi L ap briye epi gen yon vizyon k ap vini. Alò m ap wè vizyon an. M ap siveye ki kalite moun li sanble ke l ye alantou la a. Mwen jwenn moun lan, answit mwen pale. Se sa ki pase. Se sa ki rive. Ou pa gen pou di tout moun sa, men se—se sa ki pase, ou wè. Tout se nan domèn espirityèl.

<sup>41</sup> Apre sa si moun sa a pa reponn, sa tap tankou li Bib la isi a epi di: “Sa pa vo anyen,” mache lwen Li. Ou wè? Kifè sa fè l trè move. Kifè se pou nou ann alèt, pou n ap kouste, pou n ap veye. Lè Li pale, reponn. Ou wè, jis pare pou reponn nan nenpòt lè.

<sup>42</sup> E kifè madanm mwen, ak Frè Beeler ak anpil nan yo, maten an, tap pale m de sa, ke li tap rele yon nonm apwopo de frè li, yon kote, ki te gen yon bagay ki pat ale byen avè l, e latriye. E nonm lan pat reponn apèl la, kifè pa gen anyen ki ka fèt. Sa se ant Bondye ak nonm lan. Vizyon an te kite mwen. Apre sa mwen pat ka jwenn li ankò, paske li pat reponn. Kifè, se pou n ap veye, se pou n ann alèt.

<sup>43</sup> Kounye a nou pral pran sijè sa a sou *Demonoloji* a epi pale sou demon. Kounye a, moun yo, lè nou di “demon,” touswit yo kòmanse panse: “O, kèk fanatis oswa yon bagay!” Men demon yo jis osi reyèl ke Zanj yo. Yo jis osi reyèl.

<sup>44</sup> E dyab la jis osi reyèl kòm demon, ke Jezikri se Pitit Bondye a. Li se yon demon! Syèl la jis osi reyèl. E si pa gen yon bagay konsa tankou lanfè, pa gen yon bagay konsa tankou Syèl. E si

pa gen yon benediksyon Etènèl. . . Pinisyon Etènèl, pito, pa gen benediksyon Etènèl. Si pa gen lajounen, pa gen lannwit. Ou wè? Men otan li sèten ke gen lajounen, gen lannwit. Otan—otantik li sèten ke gen yon—sèten ke gen yon Kreyen, dwe gen yon ipokrit. Otan li sèten ke gen yon moun ki otantik ki soti kot Bondye, gen yon moun ki imite sa. Ou wè? Se jis egzakteman pou oswa kont, blan oswa nwa, nan tout bagay nan lavi a, gen vrè oswa fo tout kote. E gen yon fo levanjil, gen yon vrè Levanjil. Gen yon vrè Batèm, gen yon fo batèm. Gen yon swadizan, e gen yon reyèl. Gen yon vrè dola Ameriken, gen yon fo dola Ameriken. Gen yon Kreyen otantik, gen yon ipokrit otantik, ou wè, ki jis ap imite. Kifè nou jwenn sa, kifè tout ale ansanm. Kounye a, nou pa ka separe li. Bondye kite lapli a tonbe.

<sup>45</sup> Se pou Li kite m pale isi a jis on ti kras. Konbyen predikatè ki isi a? Leve men nou anlè. Toupatou, predikatè yo, leve men nou. Ebyen, Bondye beni nou, frè. Kounye a, kounye a, pa pran sa pou doktrin kounye a, men, jis anvan nou pwoche sijè vital sa a, m ap rakonte nou. Konbyen moun Pannkotis ki isi a? Leve men nou, toutotou, toupatou. Ebyen, nou tout se Pannkotis. Trè byen. Mwen vle di nou kisa mwen te genyen lè mwen te fèk vini nan domèn nou, nan ran nou.

Mwen te drèt isi a nan Indiana, nan yon sèten plas ki rele Mishawaka. Se te premye gwoup moun Pannkotis mwen te janm wè, yo te rele yo Asanble Pannkotis Jezikri yo—yo, mwen kwè, oswa yon bagay konsa, yon gwoup moun mèveye. Kounye a yo òganize ansanm e yo rele yo Pannkotis Ini. Yo separe ak rès yo, poutèt yon kesyon de dlo batèm. Sa pa fè de yo ipokrit. Gen anpil ki otantik, veritab Kreyen otantik, ne de nouvo pa Sentespri a, nan mitan yo. E Bondye te ba yo Sentespri a antan yo batize nan “Non Jezi,” e Li bay lòt yo batèm Sentespri a, antan yo batize nan “Papa, Pitit, Sentespri.” Kifè, “Bondye bay Sentespri a, a sila yo ki obeyi Li,” kifè kimoun—kimoun ki te gen, kimoun ki te obeyi Li? Men ni.

<sup>46</sup> Si nou jis ka bliye sa, e sila yo ki vle pou yo on fason, kite yo ale konsa, e noumenm, ale pi devan epi rete frè. Se tou. Piga. . . Sa ki te lakòz sa, yo te divize, yo te separe. Ou wè? Kisa? Se te kraze, chire pit, kraze fratènite, mete nou apa epi separe tèt nou. Non, mesye, nou pa separe, nou se yon sèl. Se vrè.

<sup>47</sup> Men lè mwen te kanpe la a, mwen tap gade moun sa yo. Bon, mwen, ki jis soti nan yon vye ti legliz Batis òdinè nan Sid, enben, mwen te wè moun sa yo, mwen te antre la a e yo tap bat men yo, yo tap rele: “Youn nan yo, youn nan yo, kontan mwen ka di mwen se youn nan yo!”

<sup>48</sup> Mwen te panse: “O la la! Fiouw!” Premye bagay ou konnen, men yon moun ki pase la a, ap danse rèd otan l te ka danse. “Tuh-tuh-tuh-tuh,” Mwen te panse: “ala yon manyè pou konpòte nan legliz! Mwen pat janm tande bagay konsa.” Mwen te ret ap



gade yo, toupatou. M te mande m: “Ebyen, kisa nan mond lan ki pwoblèm lan ak moun sa yo?”

<sup>49</sup> Bon, nou te tande m rakonte istwa lavi mwen, lè mwen te nan reyinyon sa a laba a. Men sa se yon grenn bagay mwen pat janm di, mwen pat janm di l anvan, an piblik. Kifè yo. . . Bon, si nou vle efase sa nan aparèy pou anrejistre nou, enben, nou ka fè sa. Trè byen. Bon, la mwen te gade, e bon mwen te panse: “Ebyen, moun sa yo se moun ki pi kontan mwen te janm wè nan vi m.” Yo pat wont relijyon yo. Noumenm Batis vin jis on ti kal wont, detanzantan, nou konnen. Ou wè? E lè yo pral priye, nou konnen, y al dèyè vantilatè a, nou konnen. E—e, men nou. . . Men moun sa yo pat wont, frè, yo—yo te gen relijyon nan tout anndan, deyò, ak toupatou sou yo.

<sup>50</sup> Ebyen, mwen sonje jou swa sa a lè mwen rive sou lestrad la. Yo te di: “Tout predikatè sou lestrad la.” Se te yon konvansyon. Yo te dwe genyen l anwo isi a nan Nò a, poutèt—poutèt pwoblèm koulè, lwa Jim Crow nan Sid la. Kifè yo tout te rasanble la a soti toupatou. Kifè, mwen te chita anwo la a. E li te di. . . Ebyen, kounye a gen. . . Mwen te tande tout predikatè nan jou sa a ak sware sa a. Yo te anonse yon predikatè granmoun, li te yon mesye nwa granmoun ki te vini, jis yon ti kal wonn cheve arebò tèt li, *konsa*, yon gwo vye redengòt long predikatè sou li, nou konnen, kòl velou, e li fè cho. Pòv vye kanmarad la rive la a *konsa*. Li te di: “Chè pitit mwen yo,” li te di: “Mwen vle di nou,” li te pran temwaye. Mwen te apeprè pi jenn lan ki te chita sou lestrad la. Kifè alò li te di: “Mwen di nou!” Li te pran tèks li sot nan Jòb: “Ki kote ou te ye lè Mwen te poze fondasyon mond lan? Deklare Mwen ki kote yo tache.”

<sup>51</sup> Tout lòt predikatè sa yo tap preche sou Kris, yon bagay nou abitye tande. Mwen te koute yo, mwen te pran plezi nan yo. Men pa gason granmoun sa a! Li te tounen laba a apeprè di mil an anvan mond lan te janm kòmanse. Li te monte jouk nan Syèl yo epi li redesann dwat atravè syèl yo, sa ki tap pase la. Sou sa yomenm tap preche, tout tan an, nan jounen an; li tap preche sou kisa ki tap pase nan Syèl. Li te mennen Kris tounen sou akansyèl orizontal la, dèyè a laba a yon kote nan Letènite. Enben, li pat menm preche pandan anviwon senk minit jouk vye granmoun sa a, Yon Bagay te met lamèn sou li. Li te sote anlè a epi li te klake talon l yo ansanm, epi li te rele: “Whoopee!” Li te gen apeprè otan plas ke mwen gen anwo isi a. Li te di: “Nou pa gen ase plas pou mwen preche,” epi li te pati.

<sup>52</sup> Ebyen, mwen te panse: “Si sa fè efè sa a sou yon nonm apeprè katreven zan, kisa sa ta fè sou mwen? Se sa mwen vle. Se sa mwen vle.”

<sup>53</sup> Men sa ki te entrige m se te sa. Bon, n ap pale sou demon kounye a. Sa ki te entrige m, mwen te obsève de mesye. Youn chita sou yon bò, epi youn sou lòt la. E lè Espri a te desann, mesye sa

yo te leve epi yo pale an lang epi yo te rele, epi yo te gen kim blan toutotou bouch yo. E mwen te panse: “O la la, si sèlman mwen te ka gen sa!” Ou wè? “Ala mèvèye! O, sa se . . . Mwen jis renmen sa!” Ebyen, mwen te ale nan chan mayi a. E mwen te rakonte nou istwa lavi mwen. Nou te li l nan liv la. Mwen te dòmi tout nwit la. E mwen tounen nan demen maten, alò mwen te di tèt mwen m pral jis fè yon tè. Mwen gen yon fason pou m fè bagay yo ke pèsòn pa konnen ke Bondye sèl avè m. Kifè, la, mwen pwononse yon orak epi m pral wè ki espri ki nan yon nonm. Nou wè li drèt isi a sou lestrad la. Ou wè? E kifè alò mwen te rive pale ak youn nan mesye sa yo. Mwen te wè yo, yo te chita toupre ansanm, e yo te jis kenbe men epi yo tap danse epi rele. Mwen te panse: “O la la, sa gen lè yon bagay reyèl pou mwen!”

<sup>54</sup> E mwen te pran youn nan men l yo. Mwen te di: “Kijan w ye, mesye?”

<sup>55</sup> Li te di: “Kijan w ye.” Mesye trè janti, kanmarad tip jennjan debyen. Li te di . . .

Mwen te di: “Èske w se yon minis?”

Li te di: “Non, mesye. Mwen jis yon manm layik.”

<sup>56</sup> E mwen te angaje yon ti konvèsasyon avè li pou m te ka kapte espri li. Ou wè? Li pat konn sa. Pèsòn pat konnen. Mwen pat janm di anyen sou sa. Plizyè lane pase, anvan mwen te mansyone li. Kifè yo . . . Men lè mwen vin dekouvri, sa te gen lè vre, jis osi pafè, yon mesye Kreyen! Mesye sa a te absoliman yon sen Bondye. Mwen te panse: “Frè, se byen.”

<sup>57</sup> Men pati etranj lan, lè mwen te met lamen sou lòt mesye a, se te lekòtrè. Li te menm ap viv ak yon fanm ki pat madanm li. Se vre. E mwen te wè sa apwoche sou li, yon vizyon. Mwen te panse: “O la la, sa pa ka konsa.” E nonm lan . . . Mwen te panse: “Bon, kounye a, espri sa a nan mitan moun sa yo move. Se tout sa ki gen ladan l.”

<sup>58</sup> Kifè jou swa sa a lè . . . mwen te ale nan reyinyon an, e benediksyon yo tap tonbe, mwen tap priye bay Bondye, e Sentespri a, Anj Seyè a bay temwayaj ke se te Sentespri a. E menm Espri a ki te tonbe sou mesye *sila a* te tonbe sou mesye *sa a*. E lè Espri a te tonbe, toude yo te leve, e yo toude tap rele epi kriye fò epi louwe Seyè a, epi pale an lang, epi danse. Mwen te di: “Mwen—mwen—mwen jis pa ka konprann li, Seyè. La . . . Mwen pa ka wè li nan Bib la, ki kote sa te ka vre.” Kounye a mwen te di: “Petèt yo twonpe mwen.” Ou wè? Mwen te di . . . Kounye a, isi a, mwen—mwen pa ka . . . Mwen—mwen fondamantal estrikeman nan Bib la. Li dwe Sa a. Ou wè? Mwen te di: “Seyè, Ou konn kondisyon mwen, e mwen—mwen dwe wè li nan Pawòl Ou. E mwen—mwen pa ka konprann. Lè Sentespri a ap tonbe sou nonm *sila a*, Sentespri a tonbe sou nonm *sa a*, e youn nan yo se yon sen e lòt la se yon ipokrit. E mwen konn se sa l ye.” Mwen konn sa.

San . . . Mwen te ka pran nonm lan apa epi pwouve l ba li, oswa denonse li drèt la a epi pale avè l sou sa.

<sup>59</sup> Tankou mwen te kapab fè l ak mesye sa a ki te chita isi a yè swa, ki pat anyen ke yon—yon twonpè, si te janm gen youn ki chita la a. E mwen te dwe denonse sa, men li tap leve epi kòmanse ap ajite. Kifè mwen jis kite sa tonbe, poutèt reyinyon an, men mwen te konnen li. Wi, mesye.

Gen youn, de nan yo, ki chita dwat dèyè a la a, lòt jou swa a, yo fè pati de yon sèten legliz isi a menm nan vil la. Vrè kritikè! Mwen te wè yo. Men, si nou ta fè l, se jis la yon pwoblèm konmanse. Mwen te fè l plizyè fwa. Mwen jis kite yo trankil, ou wè. Se kòrèk. Bondye konnen, Li se Jij la. Kite yo rele m yon fwa, epi n ap wè yon bagay pase, nou wè, kite li.

Tankou demon an, se pa mwen ki te janm fè demon an soti. Li jis vin jwenn mwen epi li te ban m defi. Apre sa se lè ke Bondye te antre an aksyon, ou wè, se vre, e nou te wè kisa ki te pase. Trè byen. Men mwen jis kite sa tonbe. Sa te fè reyinyon an difisil, paske espri sa a te la ki te chache ap atake m tout tan, ou wè. E kifè mwen te jis kontinye.

<sup>60</sup> Men bon, mesye sa yo, mwen pat ka konprann sa. E se te dezan apre, oswa twa, lè mwen te anwo nan Green's Mill, Indiana, isi a, nan rèzèv eskout la. Mwen te elwaye m nan yon vye gwòt kote mwen tal priye. E dèyè la a, mwen te di: "Seyè, mwen pa ka konprann kisa gwoup moun sa devni. Moun ki pi debyen mwen te janm rankontre nan vi mwen, e mwen—mwen pa ka konprann kijan ke sa te ka yon move espri. Lè li . . . si alò . . . Ou konnen entegrite kè mwen. Ou konnen kijan mwen renmen Ou e kijan mwen te sèvi Ou. E menm Espri a ki isi a, avè mwen, te sou moun sa yo. E men Li te sou mesye sa a, la a, jis menm jan an." Kifè mwen pat ka konprann.

<sup>61</sup> E Seyè a desann nan mizèrikòd Li epi te montre mwen. Men ki kote l te ye. Li te dwe selon Lekriti, dabò. Li te di: "Pran Bib ou." E mwen te pran Bib mwen. Mwen sipoze mwen te kenbe Bib sa a pandan di minit san pèsòn . . . okenn lòt Pawòl pat vini. Mwen te tann jis kèk moman. Mwen te tandè Li di ankò: "Vire nan Ebre 6 epi kòmanse li." E mwen te fè l. E lè sa desann la a, kote Li te di: "Lapli vini souvan sou tè a pou wouze li e pare li, abiye li pou sakle li . . . men pikan yo ak chadwon yo, ki toupre rejè, ke fen yo se pou yo boule yo." E mwen te kapte li la menm.

Mwen te panse: "Men li. Remèsiman pou Bondye! Men li." Ou wè?

<sup>62</sup> Kounye a, Jezi te di: "Yon semè te soti ap simen semans," Li pat fè l? Bon, nou tout se Kretyen isi a. Tout moun leve men yo anlè, antouka, Kretyen Pannkotis, ne de nouvo. Trè byen. Yo . . . E Li te di: "Yon semè te soti, ap simen semans. E pandan li te dòmi . . ." Repo li, lanmò, nan antretan. Ou wè? "E pandan li te dòmi, yon lènmi vini epi te simen vye zèb nan chan sa a." Kisa vye

zèb ye? Move zèb, raje ak bagay konsa. Kounye a: “E lè kiltivatè a (predikatè a) te wè vye zèb sa yo kap pouse, li te di: ‘Kite m al rache yo.’ Li te di: ‘Non, non. W ap rache ble a tou. Kite yo toude pouse ansanm.’”

<sup>63</sup> Gen yon chan ble isi a. Gen plant grenpant, boul òti, move zèb santi move, tout lòt bagay nan li. Èske se vre? Men, kounye a, anndan la a gen ble. Bon, lapli a vini souvan sou tè a, pou wouze li. Bon, pou kisa lapli a ye? Pa pou wouze boul òti a. Kounye a siveye epi fè atansyon. Pa pou wouze plant grenpant lan. Yo voye lapli a pou ble a, men boul òti a ak move zèb la jis swaf menm jan ak ble a. E menm lapli ki tonbe sou ble a tonbe sou move zèb la. E vye ti move zèb la ap kanpe byen dwat konsa, e kontan epi ap rejwi, jis otan ti ble a ap kanpe epi leve tèt li.

<sup>64</sup> “Men pa fwi yo nou va konnen yo.” Men ni. Ou wè? Bon, menm Sentespri a ka beni yon ipokrit. Sa te frape kèk nan nou Aminyen yo, men sa se Verite a. Se Verite a. Yo te anseye nou sentete, se ke mwen kwè nan sentete, tou. Men menm Espri a, lapli a tonbe sou jis la ak enjis la, men se pa fwi yo nou va konnen yo.

<sup>65</sup> Si mwen gade isi a epi m pral chache ble, mwen jwenn ble, men move zèb yo tou mare. E yo viv de menm lapli a ki tonbe pou ble a. E yo pat voye lapli a pou move zèb yo, yo te voye l pou Ble a. Men kòm lapli a nan chan an, ble a se . . . move zèb yo nan chan ble a, yo pwofite de lapli a menm jan ak rèl lòt yo. E menm lapli ki te fè ble a viv la, te fè move zèb la viv.

<sup>66</sup> Tout bagay nan natirèl la tipifye espiritiyèl la, jan n ap anseye a. Men li, demonoloji, demon k ap imite Kreytènte, poutan, ak benediksyon an. Sa se pa lèt ekreme, frè, si nou ka pran li. Ou wè? Ou wè? Bon, se—se Verite.

<sup>67</sup> Kifè, mwen pa sove jodi a paske mwen ka rele. Mwen sove pa paske mwen santi tankou mwen sove. Mwen sove paske mwen te rankontre kondisyon Bondye yo ki nan Bib sa a. Jezi te di: “Sila ki tande Pawòl Mwen yo e ki kwè nan Sila a ki voye M lan, gen Lavi ki p ap janm fini an, e p ap vini nan kondanasyon, men pase sot nan lanmò al nan Lavi.” Mwen kwè sa. Se vre. E sou kondisyon sa yo mwen sove, paske Bondye te di sa.

<sup>68</sup> Si li te di m ou sove paske yon moun te di: “Yon van vyolan pwisan te frape mwen nan figi,” sa mèveye, men mwen vle konnen ki kote van vyolan pwisan sa a soti anvan li te frape mwen nan figi, ou wè. Bon, ki kalite lavi ou pral viv apre van vyolan pwisan sa a frape ou? Ou wè? Ou wè, se pa fwi nou yo konnen nou. Kifè, demon ka travay drèt nan mitan Kreyten yo. Nou kwè sa? Gade Pòl, Pòl te di . . .

<sup>69</sup> Kounye a men ki kote Lapli Dènye Sezon an . . . Si gen nenpòt nan nou isi a, padone mwen si mwen di yon bagay kont nou. Mwen pa tap di pi plis kont nou pase mwen tap fè l ak Asanble yo, oswa nenpòt, Batis yo, oswa nenpòt lòt moun. Se Verite a ki

Verite. Kote nou derape, se te: n ap fè pwofèt ak mesye sa yo ak bagay ki pa pwofèt. Yo pwofèt se pa paske yo “poze men sou yo” epi yo voye yo. Yo ne pwofèt. Ou wè? Nan Bib la, gen yon *don* pwofesi. Men kote nou te fè erè nou an, ant don pwofesi a ak yon pwofèt. Don an. . .

<sup>70</sup> “Bondye, nan diferan moman ak diferan mannyè te pale ak papa yo atravè pwofèt yo, nan dènye jou yo atravè Pitit Li, Kris Jezi.” E Kò Kris la gen nèf don espiyèl k ap opere nan li. E li te ka sou madanm *sa a* aswè a, pwofesi a, sa ka pa janm la pou rès vi li. Li ka sou madanm *sa a* demen swa. Li ka sou mesye *sa a* pwochen fwa a. Li ka sou *sila a* dèyè la a, pwochen fwa a. Sa pa fè manzè yon pwofèt, pa fè pyès moun yon pwofèt. Se yon don pwofesi nan ou.

<sup>71</sup> E anvan ke yo ka bay legliz la nonm sa a oswa pwofesi sa a, li dwe jije devan de ou twa jij espiyèl. Èske se vre? Bon, selon sa Pòl te di: “Nou tout ka pwofetize, youn pa youn.” Si yon bagay revele a *sila a*, kite *sa a* ret anpè. Ebyen, sa tap fè tout gwoup la pwofèt alò, selon ansèyman jodi a. Non, legliz Pannkotis, nou melanje tout bagay. E se rezon sa a Bondye pa ka antre, toutotan nou pa drese bagay la sou Bib la. Se vre. Nou dwe pran bon chimen an. Kijan nou pral bati yon kay san nou pa gade plan an? Ou wè? Nou dwe kòmanse dwat.

<sup>72</sup> Kounye a, la a, yon pwofèt, nou pat janm wè okenn moun kanpe devan Ezayi, Moyiz. Youn te kanpe, Kore, yon jou, e te eseye diskite avè li, e Bondye te di: “Separe tèt ou, Mwen pral louvri tè a epi. . .” Moun ne pwofèt. “Don yo ak apèl yo. . .-san repantans.” Sa se predestinasyon Bondye a, depi w te bebe. Tout bagay te pafètman kòrèk la a, egzakteman sa li te di te verite a e te konfime epi te parèt. Se Pawòl Bondye a, ki vin jwenn pwofèt la. Men yon don pwofesi se nan legliz la.

<sup>73</sup> Bon nou di: “Ebyen, pwofèt yo se Ansyen Testaman.” O, non! Nouvo Testaman an te gen pwofèt.

<sup>74</sup> Agabis te yon—te yon pwofèt Nouvo Testaman. Gade Espri pwofesi a ki tonbe la a epi ki pale ak Pòl sou sa. Apre sa men Agabis ki desann sot Jerizalèm, e ki te vin jwenn Pòl, epi li te mare sentiwon l lan toutotou li, epi li te vire epi li te di: “ENSI DI SEYÈ A, nonm ki te mete sa a tap mare nan chenn lè l rive Jerizalèm.” Agabis, ki te kanpe epi te di, te predi kisa ki tap pase, li te yon pwofèt, pa yon nonm ak don pwofesi.

<sup>75</sup> E don gerizon an ak tout don sa yo, zanmi Pannkotis mwen, nou te melanje li. Don yo nan legliz la, soumèt a nenpòt moun nan legliz la, nenpòt moun ki batize nan Kò a. “Pa yon sèl Espri nou tout batize ladann.” E Bib la te di. . .

“Ebyen, mwen gen don gerizon an.”

<sup>76</sup> Ebyen, Bib la te di: “Konfese fot nou youn bay lòt, e priye youn pou lòt.” Chak moun priye youn pou lòt. Nou pa yon gwoup divize; nou se yon gwoup kolektif, ki rasanble. Ou wè?

Bon, e men kijan demon yo travay pafwa.

<sup>77</sup> Kounye a gade kisa Pòl te di: “Si youn pale an lang e lòt la entèprete, e kèlkeswa sa li te di, kite yo jije li an premye anvan legliz ka resevwa li.”

<sup>78</sup> Bon, li p ap yon sitasyon nan Lekriti, oswa yon lòt bagay konsa. Bondye pa repete Tèt Li. Men l ap yon avètisman pou legliz la. Alò si bon jij di: “Ann resevwa sa a.” Trè byen, sa soti kote Seyè a. Dezyèm lan di: “Ann resevwa li.” “Se sou bouch de ou twa temwen, pou chak pawòl tabli.” Alò legliz la resevwa li epi al pare pou li. Si sa pa rive, sa ki te di a, alò nou gen yon move espri nan mitan nou. Se vre. E si sa rive, alò mèsè Bondye, Espri Bondye a nan mitan nou. Ou wè? Bon, sa se kote nou dwe veye epi fè atansyon. Kifè, pa eseye fòse bagay yo. Mwen pat ka fè tèt mwen gen je mawon alòske mwen gen ble, ou wè, mwen dwe satisfè ak je ble. Bon, men kote demon travay nan domèn moun espirityèl.

<sup>79</sup> Kounye a n ap antre nan yon bagay pwofon isi a, e mwen espere li pa twò pwofon. Bon nan En Samyèl 28, mwen vle li kèk Ekriti isi a nan moman sa a menm. Mwen vle nou koute byen. E mwen vle trete de “demon yo,” montre nou kijan yo travay drèt nan legliz la, epi kijan Satan gen yon fabrikasyon ki fo pou chak vrè bagay ki genyen. Bon nou ka wè, selon Bib la, ke demon vini nan mitan Kreyen yo epi yo fè imitasyon.

<sup>80</sup> E anpil fwa nou deklare moun yo se Kreyen lè yo te di: “Mwen kwè nan Jezikri.” Enben, demon yo kwè menm bagay la, epi yo tranble. Se pa okenn siy ke ou sove. Youn nan aswè sa yo mwen vle rive sou eleksyon, epi n ap wè kisa lesali vle di. Ou wè? Se pa anyen nou te dwe fè avè li, an premye lye, oswa an dènye lye, oswa anyen nou pa ka fè sou sa. Bondye sove yon nonm, san kondisyon. Gason, sa te plonje fon, pa vre? Bon, jis otan fè sa soti nan sistèm nou, pandan nou ladan l. Trè byen.

<sup>81</sup> Abraham te kòmansman lafwa nou. Èske se vre? O, Abraham te gen pwomès la. E Bondye te rele Abraham paske li te yon gran òm, mwen sipoze? Non, mesye. Li desann sot Babilòn, nan—nan peyi Kalde a, nan vil Ur la, e Bondye te rele li e te fè alyans Li avè li, san kondisyon. “Mwen pral sove ou. E pa sèlman oumenm, Abraham, men Semans ou,” san kondisyon.

<sup>82</sup> Bondye te fè yon alyans ak lòm, e lòm kase alyans li chak fwa; lòm pat janm kenbe alyans li ak Bondye (Lwa a pat janm respekte; yo pat ka respekte lwa a; Kris te vini epi te kraze lwa a, Limenm.) paske lagras te deja bay yon sovè, Moyiz, te bay yon mwayen pou chape, e answit, mwayen echapman an pito, epi moun yo, apre sa, yo te toujou vle yon bagay pou yo fè. Lòm toujou ap eseye fè yon bagay pou sove tèt li, lè nou pa ka fè l. Se nati li. Osito li te dekouvri li te toutouni, nan jaden Edenn lan, li te fè kèk tablye ak fèy fig. Èske se vre? Men li te dekouvri yo pa tap mache. Nanpwen anyen yon nonm ka fè ki ka sove tèt

ou. Bondye sove ou, san kondisyon, pandan tout aj la. E alò lè ou sove, ou sove.

<sup>83</sup> Gade Abraham. Kanmarad sa te la a, li te ale lòtbò a, e Bondye te ba li peyi Palestine lan epi te di li pou l pa kite la a. Nenpòt Jwif ki kite Palestine te retwograde. Bondye te di li pou l rete la a. Si Bondye di nou pou n fè yon lòt bagay, epi nou pa fè li, alò nou retwograde. Èske se vre? Trè byen, yon sechrès vini, pou epwouve lafwa Abraham. E pase pou Abraham rete la a, non, li pat ka ret la a, li kouri, epi l te pran Sarah epi l te ale a anviwon katsan katreventwa kilomèt (mwen swete mwen te gen tan pou m rive sou sa) desann nan yon lòt peyi.

<sup>84</sup> E lè li te rive anba la a, e lè sa a li te gen gran wa sa a anba la a, Abimelèk. Li te yon jenn kanmarad e li tap cache yon cheri, kifè li te jwenn madanm Abraham, Sarah, e l te tonbe damou pou li. E Abraham te di: “Kounye a, di l ke ou se sè mwen e mwen se frè w.”

<sup>85</sup> Kifè sa te fè Abimelèk plezi, kifè li te di: “Trè byen, n ap jis mennen l nan chato a.” E mwen sipoze medam yo te ranje li, e li ta pral marye avè l nan demen.

<sup>86</sup> E Abimelèk te yon bon nonm, yon nonm jis. E nwit sa a, pandan li tap dòmi, Seyè a te parèt sou li epi te di: “Ou bon menm jan ak yon nonm ki mouri.” Li te di: “Pa nonm lan. . . Madanm ke w te pran deyò la a pou marye a, se madanm yon lòt nonm.” Kounye a gade. “Madanm yon lòt nonm.”

<sup>87</sup> Enben, li te di: “Seyè, Ou konnen entegrite kè mwen,” yon òm jis, sen. “Ou konnen entegrite kè mwen. Mesye sa a te di mwen ke se te ‘sè’ li. E èske manzè pat di mwen, limenm, ke sa se te ‘frè mwen’?”

<sup>88</sup> Li te di, Bondye te di: “Mwen te konnen entegrite kè w, e se rezon sa a Mwen te anpeche w peche kont Mwen. Men sa se pwofèt Mwen!” Alelouya!

<sup>89</sup> Kisa l te ye? Retwograde, e yon ti koken kap bay manti. Èske se vre? O, non, pa gen ti manti blan. Yo se swa manti nwa oswa yo pa manti di tou. Nonm lan chita deyò la a ap bay yon bon jan manti, ap di ke sa te “sè” li lè se te madanm li, li te refize di sa pou l di a, epi li te retwograde.

<sup>90</sup> E men yon nonm jis te kanpe isi a devan Bondye, e te di: “Seyè, Ou konnen kè mwen.”

<sup>91</sup> “Men Mwen p ap koute priyè w, Abimelèk, men pran misye. . . mennen manzè tounen epi kite misye priye pou ou. Li se pwofèt Mwen; M ap koute li.” Wi, yon retwograd, mantè, men: “Se pwofèt Mwen.” Èske se pa Laverite? Se Bib la.

<sup>92</sup> Bon, pa ale twò lwen avèk sa sou bò Kalvinis la: “Yon fwa sou lagras, toujou sou lagras,” paske n ap rive nan disgras. Ou wè? Bon, jis on moman, n ap pran tan semèn sa a pou pote sa epi montre nou ki nivo li ye. Men pa panse jis paske nou te fè yon

move bagay ke nou pèdi pou tout tan. Ou se yon pitit Bondye, ou ne de Lespri Bondye a, nou se pitit gason ak pitit fi Bondye, e fwi yo ap pote temwayaj pou tèt li. Men ni.

<sup>93</sup> Kounye a, men nou isi a, chita nan peyi a. Bon, mwen vle li isi a, vèsè 6 la.

*Se konsa, Sayil mande SEYÈ a sa pou l fè. Men, SEYÈ a pa ba li ankenn repons, ni nan rèv, ni avèk ourim lan, ni nan mesaj yon pwofèt.*

*E Lè sa a, Sayil rele moun k ap sèvi avè l yo, li ba yo lòd sa a: Al chache kote nou ka jwenn yon fanm k ap rele espri mò yo pou l travay pou mwen.*

Mwen te ka tape sou yon bagay isi a menm, pandan jis . . . “Al chache yon fanm k ap rele espri mò yo.”

. . . E sèvitè li . . . reponn li: -Gen yon fanm nan lavil Andò k ap rele espri mò yo.

*Sayil mete lòt kalite rad, rad sou li, li maske. Li leve, li pati de . . . ak de moun pa l. Yo rive kay fanm lan nan mitan lannwit. Yo di fanm lan: tanpri, . . . -vine pou mwen avèk espri w la, epi rele pou mwen . . . non mò ke m pral di w la.*

*Men, fanm lan di l -Ou konnen ke wa Sayil te fè a pa vre? konnen, li te mete tout divinò ak . . . moun k ap rele espri mò yo deyò nan peyi a wi. se poutèt sa . . . w ap seye pran m nan plan e pou fè yo touye m?*

*Sayil te reponn, pran non SEYÈ a fè sèman, li di: Devan SEYÈ ki vivan an, mwen fè sèman yo p ap fè ou anyen . . .*

*Fanm lan di l: -Ki moun pou m rele . . . pou ou? Li reponn: -Rele Samyèl pou mwen.*

*Lè madanm lan wè Samyèl, li pete rele, li di Sayil: -Poukisa ou twonpe m konsa? Ou se wa Sayil!*

*Wa a di l: -Ou pa bezwen pè. Kisa ou wè? Fanm lan di mwen . . . Sayil: -Mwen wè dye k ap moute soti anba tè a.*

*Wa a di l: -Kisa ou te wè li sanble? Fanm lan reponn: -Se yon vye granmoun gason k ap moute la a. Li vlope nan yon manto. Lè sa a, Sam- . . . (Sa se manto pwofèt sa a, byensi. Ou wè?). . . vin konnen se te Samyèl. Li te kanpe ak . . . e tonbe ajenou, li bese tèt li jouk atè.*

*Samyèl di Sayil: -Poukisa ou deranje repo m konsa? E poukisa ou fè m remoute la a en? Sayil te reponn, e te di li: -Mwen nan gwo tèt chaje: paske Moun Filisti yo ap fè m lagè. Epi Bondye te vire do ban mwen. Li pa reponn mwen, ni nan rèv, ni nan mesaj pwofèt: Se poutèt sa, mwen . . . rele ba ou pou ou ta fè m konnen sa pou m ta dwe fè.*



*E Samyèl di l: -Koulye a . . . se mwen . . . w ap mande, ou wè ke SEYÈ a vire do ba ou, e—e li tounen lènmi ou,*

*SEYÈ a annik te fè sa li te di m di ou la: SEYÈ a wete gouvènman li nan men ou, li te bay . . . David li pito.*

<sup>94</sup> Kounye a, anpil nan nou, abitye ak bagay sa. Bon nou vle ale dwat ladann, e Bondye ede nou kounye a, pandan kèk moman, pou n rive nan sa. Kounye a gade. Te gen yon nonm, Sayil, ke yo te konsidere yon fwa kòm yon pwofèt, paske li te pwofetize ak pwofèt yo. Èske se vre, anseyan yo? Bon, isi a nonm lan te retwograde. Èske se vre? Men sonje kote Samyèl te di li tap ye, avè li, nan demen. Li te pati anvan lè, ou wè. Trè byen, si w pa vle koute Bondye, Bondye ap wete w sou tè a.

<sup>95</sup> Gade nan lèt Korentyen an la a, kijan Pòl te mete moun sa yo nan lòd. Li te di: “Dabò, mwen remèsye Bondye pou nou, ke pa gen bagay konsa nan mitan nou, e latriye, e kijan ke—ke nou pa manke okenn don espirityèl.” Li te di yo kisa yo te ye, konsènan pozisyon, nan Kris. Apre sa li kòmanse kite mato a tonbe sou yo, li te pale yo sou medam predikatè yo, ak kijan yo tap fè, ak kijan yo tap manje sou tab Seyè a.

E menm yon nonm tap viv ak bèlmè li, e li te di nonm sa a nan Kris: “Livre l bay dyab la, pou destriksyon lachè a, konsa nanm lan te ka sove.” Ou wè, se sa, livre li. Bib la te di: “Pou kòz sa a anpil malad epik ak feblès nan mitan nou, e anpil ap dòmi,” te ale anvan lè poutèt peche. Bondye te fè w soti sou chimen an; yon bon siy ou te yon Kreyen, si yo te pran w.

<sup>96</sup> Kifè, kounye a remake isi a, yo te konsidere Sayil kòm youn nan pwofèt yo, oswa nan mitan pwofèt yo, paske li te pwofetize. E kounye a li te retwograde, paske li te dezobeyi Bondye, e wayòm li te wete sot nan men li e te plase nan men David, ke Bondye te wen pa Samyèl, ak krich lwil la.

<sup>97</sup> Remake, lè sa a, te gen twa fason ke yo te genyen pou dekouvri bagay ki sot kot Bondye; premye a se te—se te pwofèt la, dezyèm lan se te yon rèv, e twazyèm lan se te yon Ourim Toumim. E ni youn ni lòt nan yo pat vle reponn. Bon, nou konnen kisa yon pwofèt ye, nou konnen kisa yon rèv espirityèl ye, e nou konnen kisa Ourim Toumim lan te ye. Nou konnen, lòt jou a mwen te mande yon—yon mesye yon bagay sou Ourim lan, e mesye sa a pat ka di m kisa l te ye, Ourim Toumim lan. Byensi, se te Bondye kap reponn pa sa yo. Ou wè?

<sup>98</sup> E dyab la fè yon fo fabrikasyon de chak grenn nan sa yo; sòsyè a, fo pwofèt la, ak vitriye kristal la. Ou wè?

Bon, Ourim Toumim lan te akwoche sou lestomak Arawon, *isi a*, e Ourim Toumim lan te kouvri wòch sa yo. E yo te akwoche l nan tanp lan. E lè yo pat sèten, yo t ale devan Bondye, pou repons lan, e yon limyè te flache sou Ourim Toumim sa a, la, pou fè konnen si se te volonte Bondye, oswa non. Bon, lè Ourim Toumim lan pat reponn. . . Bon, sa se te repons dirèk la ki sot kot Bondye.

Kounye a, Ourim Toumin lan jodi a; divinò a pran yon boul kristal, pou imite Sa a; yon fo bagay. Bondye nan yon trinite; pouvwa Bondye yo nan yon trinite. E dyab la nan yon trinite, e pouvwa l yo nan yon trinite. E mwen ka pwouve li pa Bib la. E Ourim ak Toumin sa a, an . . . se senpleman boul kristal la ke dyab la itilize jodi a. Epi fo pwofèt isit la jodi a, sila ke nou genyen kounye a, se te, oswa, sòsyè a, oswa divinò a laba a, se sa ki ranplase pwofèt la, bò kote dyab la. Ou wè kisa mwen vle di?

<sup>99</sup> Bon, alò, Ourim Toumin lan jodi a se Bib sa a. Si yon moun bay yon pwofesi oswa yon rèv, e li pa konpare oswa fè eko ak Bib Bondye a, li fo. Pa kwè li.

<sup>100</sup> Yon nonm vin jwenn mwen sa pa fè lontan, sot ann End, kote mwen jis ap pare pou m ale, yon ti predikatè debyen. Li te di: “Frè Branham, mwen vin bò isit a.” Li te di: “Yon fanm te gen Sentespri a, e,” li te di “se te jis yon fanm tèlman dous, tèlman janti.” Li te di: “E li te marye kat fwa, e l tap viv ak katryèm mari li a. E mwen te di: ‘Ebyen, kijan sa te ka fèt, Seyè?’” Epi l te di: “Mwen t al konsilte Li epi m te di: ‘O, glwa pou Bondye!’ Mwen te di: ‘Alelouya! Louwanj pou Seyè a!’” Jis youn nan jan de tip sa a, nou konnen. “Mwen te di: ‘Alelouya! Louwanj pou Seyè a!’” Li te di: “Seyè a te di mwen: ‘Men, Mwen pral ba ou yon rèv.’” Epi li te di: “Mwen te reve ke madanm mwen, mwen te wè l ap viv nan adiltè. E li tounen vin jwenn mwen epi li te di: ‘O, èske w ap padone mwen, Victor? Èske w ap padone mwen? Mwen pat . . .’ ‘Enben,’ mwen te di, ‘sèten, m ap padone ou epi tounen pran ou.’” Li te di: “Bon, se sa mwen te fè.” Li te di: “Ou wè, mwen padone.”

<sup>101</sup> Mwen te di: “Victor, rèv ou a te trè bèl, men se dyab la ki ba ou li.”

Li te di: “Kouman sa?”

<sup>102</sup> Mwen te di: “Sa pa konkòde ak Pawòl Bondye a. L ap viv nan adiltè. Absoliman. Li pa ka viv ak kat gason. Egzak. Li kite sa epi tounen al jwenn premye l la, li pi mal pase li te ye nan kòmansman an. Li dwe viv selibatè, pou rèv vi li.” Mwen te di: “Ou konnen sa pa konkòde ak Pawòl Bondye a. Kifè pa li . . . Rèv ou a te fo.” Mwen te di: “Li p ap konkòde ak Sa.”

<sup>103</sup> E lè yon pwofèt te bay yon pwofesi, e yo te pale, e yo te vle wè si pwofesi sa a te vre, yo te prezante l devan Ourim Toumin lan. E si Vwa Bondye a te voye limyè sou Ourim Toumin lan, alò se te Verite absolè a. E si yon nonm bay yon entèpretasyon, bay yon rèv, bay yon bagay nan Bib la, e, oswa yon lòt bagay, e li pa konkòde ak Bib Bondye a, li fo. Men Ourim Toumin jodi a. Pawòl Bondye a pale, e se Vwa Bondye a dirèk, tankou Ourim Toumin lan te ye anvan Bib la te ekri. Amèn! Alelouya! Mwen santi m on jan wenn kounye a menm. Pa pran mwen pou yon fanatik, si nou fè l. Mwen konnen, mwen konn ki kote m ye. Mwen pa ajite. Se vre.

104 Men Verite a, Pawòl Bondye a! Sa pa gade m ki kalite rèv ou te genyen, oswa ki kalite pwofesi ou te bay, si li pa nan Pawòl Bondye a, li fo, si li pa konkòde ak Pawòl sa a. Se sa pwoblèm lan jodi a. Youn gen yon rèv, youn gen yon vizyon, youn gen yon lang, youn gen yon revelasyon; li gen tout bagay la tèlman angagòt ak tout bagay, nou gen denominasyon epi kraze tout bagay. Nou ta dwe pote l tounen nan yon fondasyon final, e se Pawòl Bondye a. Se vre.

105 Legliz yo bati sou youn, ki di: “O, Jezi ap vini sou yon chwal blan. Mwen konnen. Mwen te wè L nan yon vizyon.” Yo fè youn legliz nan jan sa a. “O, alelouya! L ap vini sou yon nyaj.” Yo fè l nan kalite sa a. Yo divize, epi separe, epi rele youn lòt “pèchwa pou biz,” ak “repè pou pou,” ak tout bagay konsa. Enben, frè, sa pwouve, premyèman, kè nou pa kòrèk ak Bondye lè nou fè sa. Se vre. Nou se frè. Nou dwe soutni youn lòt. Nou bezwen youn lòt.

106 Kounye a gade. Sayil te retwograde, e li t ale laba a. Li, Bondye, te detounen figi Li de li. E li te monte e li t al konsilte pwofèt yo. Pwofèt yo te ale e yo te eseye pwofetize, e Bondye te koupe, Li te refize bay yon vizyon. Pwofèt la resoti, li te di: “Mwen pa kapab. Non. Li pa di m anyen absoliman sou ou.”

107 Ebyen, alò li te di: “Seyè, ban mwen yon rèv.” Nwit apre nwit, okenn rèv pa vini.

108 Alò li ale nan Ourim Toumim lan, e li te di: “O Bondye! mwen te eseye pwofèt yo, mwen te eseye rèv, kounye a Oumenm ede mwen. Èske W ap fè li?” Li jis koupe sa, okenn Limyè pat flache di tou.

109 Apre sa li te gen rekou a yon sòsyè, ba, degrade. E li tal jwenn li, e li te ranpe antre la a e li te degize tèt li. E sòsyè sa a soti epi rele espri Samyèl.

110 Bon, mwen konn kisa n ap panse. Anpil te di: “Sa pat Samyèl.” Men Bib la te di se te Samyèl, e se te Samyèl. Etranj kijan nou kapte sa, pa vre? Men se te Samyèl. Bib la te di se te sa.

111 E sòsyè sa a te ka rele l monte, e li te rele Samyèl monte. E Samyèl te yon lòt kote, men l te konsyan de kisa ki tap pase, e l te toujou kanpe ak manto pwofèt li sou li. Kifè, frè, lè w mouri, ou pa mouri, w ap viv yon kote, youn lòt kote.

112 Kite m kanpe jis yon minit, pou fè demonoliji sa a desann jis yon ti kras. Manzè te yon demon, men li te nan kontak sere ak mond espri a. Bon, jodi a, gen anpil espiritualis ki konn vrèman plis sou mond espiritiyèl la pase moun ki pwofese tèt yo se Kreyen, poutan li se yon demon. Nan tan Bib la se te menm bagay la.

113 Lè Jezi te isi a sou latè, te gen pwofesè sa yo ak save ak anseyan, kèk nan pi bon ki te genyen yo, ki sot nan pi bon seminè pase nou te ka pwodwi jodi a. E se te òm sen, renome, yo te dwe sa. Si yo te jwenn yon Levit, yo te dwe jwenn li san blam, jis nan

tout fason. E poutan nonm sa a pat konnen plis sou Bondye pase yon lapen te konnen sou rakèt pou mache nan nèj. Lè Jezi vini, li te echwe pou l rekonèt Li, e li te rele Jezi yon “demon.” Li te di: “Li se Bèlzeboul, prens demon an.” Èske se vre?

<sup>114</sup> E men yon tip demon ki pi ba a vini, ki te mare yon nonm laba a nan tonm yo, ak tout bagay, e yo te rele. Demon an limenm te di: “Nou konnen Kimoun Ou ye. Ou se Pitit Bondye a, Sila ki Sen an.” Èske sa vre? Sosyè ak sòsyè yo, demon yo, te rekonèt Li kòm Pitit Bondye a; pandan predikatè seminè teyolojik, edike, te rekonèt Li kòm etan Bèlzeboul. Kilès ki te gen rezon, dyab la oswa predikatè a? Dyab la. E, frè, sa pa chanje twòp jodi a. Yo pa rekonèt pwisans Bondye a.

<sup>115</sup> Sa pa enpòtan konbyen ansèyman nou genyen, nou ka fòse sa antre nan nou. Bondye pa nan gwo pawòl. Bondye nan yon kè onèt. Ou te ka kanpe isi a, pale gwo pawòl, tankou mwen pa konn kisa, sa pa mennen w pi pre Bondye. Ou ka kanpe epi pratike kijan pou repete prèch ou epi di bagay sa yo, sa pa fè w vin pi pre Bondye. Ou ka aprann diksyonè jouk ou dòmi ak youn, e li toujou pa tap fè w vin pi pre Bondye. Yon kè enb, ki soumi, nan senplisite a, se sa ki mennen w bay Bondye. E se vre. Amèn! Yon kè enb, se sa Bondye renmen. Bon, sa pa enpòtan si ou pa konn ABC w, sa pa fè okenn diferans. Jis yon kè enb! Bondye abite nan yon kè enb; pa nan enstriksyon, se pa nan lekòl, pa nan teyoloji, seminè, pa nan tout lòt plas diferan sa yo; pa nan gwo pawòl, oswa pa nan plas gran sosyete sa yo. Bondye abite nan kè imen. E pi ba ou ka bese tèt ou atè, pi senp lan, se pi gran ou ka vin nan je Bondye.

<sup>116</sup> Kite m ban nou yon bagay. Mwen wè chan nou yo plen ak ble isi a. Yon grap ble byen ranpli toujou koube. Yon vye ti branch drese tèt li la, epi l ap balanse nan tout sans kòm si li konn tout bagay, li pa gen anyen nan tèt li. Se konsa sa ye ak on pakèt nan mesye sa yo ki panse yo gen tout on lo nan tèt yo, epi anyen nan kè yo, poutan. Yon tèt sen ap koube devan Pwisans la, rekonèt Jezikri kòm Pitit Bondye a, epi kwè zèv Li yo.

<sup>117</sup> “E Li se menm lan, ayè.” O, yo rekonèt Li, sèten, nan yon pwennvi istorik. Men se pa yon bagay listwa. Moun kanpe epi di: “O, mwen kwè Lapannkot, lè yo te gen gran devèsman an ak bagay konsa,” epi yo pentire yon dife. Yon nonm k ap bat fredri pa ka chofo ak yon dife ki pentire. Dife ki pentire pa chofo. Se sa yo te ye. Kisa li ye jodi a, si Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan? Sa se dife pentire. Yon kanmarad kap mouri fredri, di: “Gade gwo dife sa a yo te genyen.” Enben, sa p ap chofo nou.

<sup>118</sup> Sa yo te fè nan Lapannkot, sa yo te genyen nan kòmansman Testaman an, nou genyen l jodi a! E osito Bondye ka rezoud bagay la, e Legliz la met tèt ansanm, Anlèvman an ap vini. Men nou pa ka menm gen lafwa pou gerizon Divin, ale wè pou Anlèvman an, paske nou tout tòdye, youn tankou *sesi* epi lòt la tankou *sela*.

“Doktè *Entèl* te di Se te sa a. Ebyen, predikatè mwen te di Li te Sa a.”

119 Yon moman de sa, yon fanm te di: “Li se jis yon enpostè.” Li te di: “Prèt mwen an te di m sa.” Mwen ta swete prèt li a vin isi a yon fwa, nou tap wè kimoun ki te enpostè a. Wi. N ap wè kimoun ki enpostè a. Vin eseye li.

120 Isi a sa pa fè lontan, nan Harlingen, Texas, nou tap fè yon reyinyon laba a. E yo te mete gwo afich, tout kote sou machin yo jou swa sa a, lè m te rive la a, yo te di ke FBI te la a pou denonse mwen kòm yon enpostè. Alò yon ti fi te geri yon kote nan Texas laba a. Limenm se te anwo nèt, e, mwen—mwen sipoze, nan anviwon mil sisan kilomèt, anwo nèt bò kote Panhandle. E isi a nou te anba nèt nan Harlingen, anba a sou fwontyè a. Frè Baxter vini, li te di: “Frè Branham,” li te di, “ou pat janm wè yon dezòd konsa laba a, apeprè kat ou senk mil moun.” E li te di: “Epi, tout nan viwonn lan, FBI la pral atrap ou sou lestrad la aswè a, epi denonse w.”

Mwen te di: “Ebyen, se sèten mwen kontan pou sa.”

121 Li te di: “Ou konnen ti fi sa a ki te geri lòt jou swa a?”

122 Mwen tap vin lakay sot. . . prale nan chanm mwen. Mwen te tande yon bagay kap kriye, epi m te gade toutotou m. Mwen te panse petèt yo te atake yon moun. Se te yon fi. E mwen te gade dèyè. Mwen te di. . . E mwen te retounen, mwen te di: “Kisa k pwoblèm lan, Madam?” E se te de ti fi ki te kanpe la a, apeprè disèt, dizuit an, chak, bra yo toutotou youn lòt, ap kriye.

123 Li te di: “Frè Branham!” Mwen te konnen lè sa a yo te konnen mwen. Li te di: “Nou, mwen te fè l fè tout vwayaj la jouk isi a.” Li te di: “Li dwe ale nan azil moun fou a.” E ti fi a te nan reyinyon mwen laba a nan Lubbock, Texas. E li te di: “Mwen te konnen si mwen ta janm fè l desann isi a e ou ta priye pou li, mwen kwè Bondye tap geri li.”

124 Ebyen, mwen te fè panse sa: “Ala yon lafwa!” E mwen te di: “Ebyen, kounye a, sè, èske ou ka al dèyè li. . .” E jis lè sa a mwen te di: “Ou vini jouk isi a nan yon roadster jòn, pa vre?”

Li te di: “Wi!”

E mwen te di: “Manman w se yon envalid.”

Li te di: “Se egzak.”

Mwen te di: “Ou fè pati de legliz Metodis la.”

Li te di: “Se egzaktaman laverite.”

125 E mwen te di: “Sou wout pou w vini an, ou te prèske kapote. Oumenm ak fi sa a tap ri lè nou vin arebò kote li te mwatye beton ak mwatye asfalt, e nou tap vire nan yon koub.”

Li te di: “Frè Branham, sa se verite a!”

Mwen te di: “E, ENSI DI SEYÈ A, tifi a geri.”

<sup>126</sup> Nan demen li tap pran dife nan vil la, li tap di tout moun, li tap pale de sa toupatou. Byensi, yo pat konnen li la a, si li te janm nan kondisyon sa a oswa non. Epi jou sa a mwen . . . Frè Baxter te di: “Frè Branham,” li te di, “jenn fi sa yo laba a ap ranje malèt yo.” E sa se yon bagay ke li pat konnen ke mwen te konnen. Finans nou yo te desann trè ba. Mwen pa janm kite l pale sou sa. Men youn nan fi sa yo te mete nèfsan dola nan—nan ofrann sa a jou swa a anvan sa a, e sa te retabli sityasyon finans sa. Bon, li pat, li pa konn sa jouk jodi a, men mwen te konn sa. Ou wè? Ke mwen . . . Bondye te di m tout bagay tap kòrèk.

<sup>127</sup> E Frè Baxter te di: “Frè Branham,” li te di: “ou ta fè pi byen pou kite m fè yon ti mande.” Li te di: “Yo te gen kèk nan gerisè Diven sa yo isi a ki te jis mande moun sa yo.”

<sup>128</sup> Mwen te di: “Anyen pou fè. Non, mesye. Ou p ap fè sa. Frè Baxter, kèlkeswa lè ou mande lajan konsa, se moman oumenm avè m ap jis bay youn lòt lanmen kòm frè, m prale pou kont mwen.” Ou wè? Mwen te di: “Ou p ap fè sa.” Mwen te di: “Bondye posede betay la sou mil ti mòn, e tout bagay se pou Li. Mwen pou Li. L ap pran swen mwen.”

Li te di: “Trè byen.”

<sup>129</sup> E menm jou swa sa li te di: “Frè Branham, gad isi a. Yon moun . . . Gad isi a! Men yon anvlop anndan isi a, nanpwen non sou li, li gen nèf biyè san dola ladan l. Jis egzakteman sa nou bezwen pou n ratrape.”

Mwen te di: “Frè Baxter.”

Li te di: “Padone mwen.”

<sup>130</sup> Kifè alò mwen te konnen se te jenn fi sa a. Kifè alò—alò nan demen, Frè Baxter te di: “Frè Branham, yo anba laba a ap ranje rad yo, y ap kriye.”

Mwen te di: “Ki pwoblèm ki genyen?”

Mwen te di: “Ou ta fè pi byen pou desann al wè yo.”

<sup>131</sup> Mwen te ale jouk nan chanm kote yo te ye a. Mwen te di: “Nan ki chanm yo ye?” Mwen te ale la a epi m te frape pòt la. Mwen te tande yo k ap kriye. Mwen te frape pòt la, e jenn fi a vin nan pòt la, li te di: “O, Frè Branham, mwen tèlman regrèt.” Li te di: “Se mwen ki lakòz ou gen tout pwoblèm sa a.”

Mwen te di: “Pwoblèm? Kisa k pwoblèm lan, sè?”

Li te di: “O, Mwen te fè FBI vin dèyè w.”

E mwen te di: “O, èske se vre?”

<sup>132</sup> Li te di: “Wi.” Li te di: “Mwen sipoze mwen te temwaye twòp toutotou vil la jodi a, ak tout bagay.”

Mwen te di: “Non.”

<sup>133</sup> E li te di: “Frè Branham, FBI la bò laba a, li la a, yo gen entansyon denonse w aswè a.”

134 Mwen te di: “Ebyen, si mwen—si m ap fè yon bagay ki mal, mwen bezwen pou yo denonse m.” Ou wè? Mwen te di: “Sèten. Si preche Levanjil la bezwen pou yo denonse l, ebyen, ann fè li.” Ou wè? Mwen te di: “Mwen—mwen—mwen viv pa Bib sa a, e sa Bib sa a pa di . . . Sa se defans pa mwen, isi a menm.” Ou wè? E mwen te di, e li . . .

Li te di: “Ebyen,” li te di, “mwen jis regrèt ke mwen te fè sa mwen te fè a.”

Mwen te di: “Ou pat janm fè anyen, sè.”

Li te di: “Ebyen, èske w pa pè al lòtbò la a?”

E mwen te di: “Non.”

Li di: “Ebyen, FBI lan la a.”

135 Mwen di: “Ebyen, yo deja vini nan reyinyon mwen anvan e yo te sove.” Mwen te di: “Mesye Al Farrar . . .”

136 Kapitèn Al Farrar, anpil nan nou konnen konvèsyon li laba a nan Tacoma, Washington, li te sove, drèt nan yon stann kote pou tire. Li te vini nan reyinyon an, li te di: “Mwen te swiv nonm sa a pandan dezan. E mwen te tandè pale de finans yo, e mwen te veye sa, e m te ale tout kote.” E li te di: “Se Laverite, nou p ap koute yon fanatik aswè a, n ap koute Verite a.” Li te di: “Youn nan mesye nan fòs polis la, ke mwen te fè yon doktè egzamine pitit li epi mwen te voye li nan liy priyè a,” e li te di, “yo te di timoun lan jis egzaktman kisa ki pat bon avè li, ak kisa ki te rive li. E li te di: ‘Nan uit jou l ap tounen lekòl,’” yon ka polyo. E li te di: “Sou uityèm jou a bebe a te tounen lekòl.” Li te di: “Mwen te swiv li pandan dezan,” devan di mil moun. Se la tout . . . Gen yon foto li, reyinyon Seattle la, nan—nan liv nou. Li te di: “Mwen vle nou tout konnen ke nou p ap koute kèk chalatan relijye. N ap koute Verite a.” Kapitèn Al Farrar. E nan demen mwen te kondwi li bay Bondye, e li te resevwa batèm Sentespri a, nan yon stann kote pou tire, anba yon gwo edifis laba a.

Mwen te di: “Petèt mesye sa a ap fè menm bagay la.”

Kifè li te di: “Èske w pè ale lòtbò la a?”

137 Mwen te di: “Pè? Pouki, sètènman non. Sètènman non. Poukisa mwen ta dwe pè lè Bondye te voye m pou m fè sa? Li se Sila a ki livre batay la, pa mwen.” Kifè mwen te di: “Kounye a, mwen vle nou tout rete lwen.” E kifè . . .

138 Nou te ale nan reyinyon an jou swa sa a, plas la te chaje. E gadyen an la a te vini, li te di: “Reveran Branham, mwen te angaje dis timoun Meksiken.” Li te di: “Gade isi a: ‘Reveran Branham dwe demaske aswè a pa FBI, yon fanatik relijye,’” oswa yon lòt bagay konsa. E li te di: “Li sou chak grenn nan machin sa yo. Rache . . .” Li te di: “Mwen te angaje dis timoun piti Meksiken, yo pral rache yo tout epi mete yo bò isi a.” Te di: “O, mwen santi kòm si mwen ta met lamèn sou mesye sa a!”

<sup>139</sup> Mwen te di: “Pa enkyete w, mesye. Bondye a met lamen sou li.” Ou wè? Mwen te di: “Jis kite l trankil.”

<sup>140</sup> Kifè li vin wè m. E jou swa sa a lè nou rive, mwen p ap janm bliye sa, mwen te mache antre nan sal la. Mwen. . . Frè Baxter te chante *Kwè Selman*. Li te di: “Kounye a, Frè Branham di aswè a pou nou kite bilding lan.” Li te di: “Mwen pral tounen nan bout dèyè a epi chita.” Li te di: “Y ap pare pou yo denonse l aswè a isi a sou lestrad la.” Li di: “Mwen te wè li nan plizyè batay rèd, e m te wè Bondye pran plas li.” Li te di: “Mwen—mwen jis pral dèyè a pou m chita.”

<sup>141</sup> Mwen te avanse. Mwen te di: “Mwen te jis ap li yon ti atik isi a ki te di ke yo te dwe denonse mwen aswè a sou lestrad la isi a.” Mwen di: “Mwen vle pou ajan FBI yo avanse kounye a epi denonse m anwo isi a sou lestrad la.” Mwen di: “Mwen kanpe isi a pou defann Levanjil la; mwen vle nou vini pou denonse mwen.” Mwen te tann. Mwen te di: “Petèt yo poko isi a.” Mwen te konnen ki kote mwen te ye. Li te deja montre m nan chanm mwen laba a, kisa ki ta pral rive, anvan mwen te pati, nou wè. E mwen te di, mwen te di: “Petèt m ap tann jis on ti kras. Nou ka chante yon kantik?” E yon moun te monte epi li te chante yon solo.

<sup>142</sup> Mwen te di: “Mesye ajan FBI, èske ou anndan an oswa deyò a? M ap tann pou yo denonse m. Èske w ta vle avanse?” Pèsòn pa vini. Mwen te kontinye ap mande tèt mwen ki kote sa te ye. Seyè a te di mwen ke kisa l te ye. Se te de predikatè retwograd, e mwen—mwen tap gade. Mwen te wè yon lonbray nwa pandye nan kwen an. Mwen te konn ki kote l te ye. Mwen te gade bò la a, e li te deplase monte dwat e li te monte ale nan balkon an konsa. Yon nonm ak yon kostim ble sou li, youn ak yon gri.

<sup>143</sup> Mwen te di: “Zanmi, pa gen okenn FBI. Kisa FBI la gen pou wè ak preche Bib la?” Mwen te di: “Sètènman non. Yo pat de ajan FBI pou denonse m. Men, men sa ki pou denonse a, men yo chita drèt anwo a la a, de predikatè sa yo la menm.” Epi yo te akwoupi. Mwen te di: “Piga nou akwoupi konsa.” E de nan gwo Tegzan sa yo ta pral monte la a epi atrap yo. Mwen te di: “Non, frè, sa se pa yon zafè lachè ak san, jis ret trankil. Bondye ap okipe de sa.”

<sup>144</sup> Mwen di: “Kounye a, frè, gade, pandan nou anwo la a, gade nan direksyon sa a.” Mwen te di: “Si. . . Nou te di ke mwen te Simon majisyen an, k ap pratike maji, mwen tap anchante moun yo.” Mwen di: “Si mwen se Simon majisyen an, alò nou se òm de Dye. Kounye a desann sou lestrad sa a. E si mwen se Simon majisyen an, se pou Bondye frape m amò. E si mwen se pwofèt Bondye, desann e se pou Bondye frape nou amò. Kounye a n ap wè kimoun ki gen rezon epi antò. Kounye a desann. N ap chante yon kantik.” Yo te soti nan bilding sa a, e nou pat janm wè yo depi lè a. Ou wè? Mwen di: “Vini. Si mwen se Simon majisyen an, se pou Bondye frape m amò. E si mwen se pwofèt Bondye, alò Bondye ap frape nou amò lè nou vini sou lestrad sa a. Si mwen



nan verite devan Bondye, Bondye ap kite nou mouri sou lestrad sa a.” Yo te konnen pi byen. Se vre. Yo te konnen pi byen. Yo te tande pale nan lòt kote. Se vre. Kifè pa janm panse ke Bondye pa toujou Bondye. Li reponn.

145 Kounye a, sòsyè Andò sa a, li te rele espri Samyèl monte. E Sayil te pale ak Samyèl. Bon, nou te ka mande tèt nou kijan sa te ka fèt. Sa pa ka fèt jodi a. Non, mesye. Paske, san towò ak bouk yo se te sèlman pou tann tan akonplisman an. Lè yon nonm te mouri nan jou sa yo. . . Predikatè, soutni mwen si nou panse ke Sa a kòrèk. Lè yon nonm te mouri, li te mouri anba ekspiyasyon yon bèt, e nanm li te ale nan Paradi. E li te rete la a jiska sa, pou—pou Jou Redanmsyon an. E nanm li te anndan la a.

146 Kite m desinen yon ti imaj pou nou isi a. Konbyen ki li atik mwen an, oswa atik yo te ekri sou mwen an nan *Reader's Digest* isi a, apeprè nan nimewo oktòb, novanm? Trè byen. Èske nou te remake kijan sa te ye? Èske nou te remake, apeprè de ou twa semèn anvan sa, gran medyòm selèb sa a isi a ke yo te eseye depi trè lontan de sa, manzè, Madmwazèl Piper. Èske yon moun te janm li sa, atik Madmwazèl Piper a nan *Reader's Digest* la? Èske sa pa etranj kijan de espri sa yo. . .

147 Konbyen tan mwen genyen? Pa jis on ti kal. Li fè e ven, jis m ap gen pou m prese. Mwen konnen nou gen. . . Gade, eskize m pou yon minit.

148 Nou konnen, gen—gen fo. Gen yon vrè ak yon fo nan tout bagay. Si mwen ban nou yon dola, e mwen di: “Èske se yon bon dola?” E nou tap gade li, li ta dwe sanble anpil ak yon vrè dola oswa nou pa tap kwè li. Èske se vre? Kifè li ta dwe vrèman yon bon imitasyon.

149 E si Jezi te di de espri yo nan dènye jou yo tap tèlman pre jouk li tap twonpe Eli yo menm si sa te posib, moun relijye. Kounye a sonje. Bon, pa gen anyen deyò la a nan vye fr-. . . fò-. . . frèt, fòmèl sa yo. Sou deyò yo jis gen yon fòm pyete, nou wè. Men de espri sa yo, vrè espri yo, tap tèlman pre jouk li tap twonpe Eli yo menm, fason yo tap travay kot a kot nan dènye jou yo. Èske Jezi pat di sa? Li te di l.

150 Kounye a gade, zanmi, mwen pral desinen yon ti imaj pou nou. Mwen vle nou gade isi a jis on minit. E ban mwen tout atansyon nou, paske mwen pral ban nou yon parabòl, e lè sa a n ap wè li.

151 Kounye a, nan *Reader's Digest* la, li te ekri la a, mwen te kanpe la a, nou te gen demil sètans moun kap tann pou yo priye pou yo, te kanpe laba a. Nou li atik la. E yon nonm desann sot Canada, e li te gen yon ti gason ki tal kay Mayos ak Johns Hopkins, yon maladi sèvo grav ki te rale ti bra l antre *konsa*, e te rale janm li yo monte anba li. E yo te di: “Pa menm gen yon oparyasyon oswa anyen ki ka fèt.”

152 Kifè li te mennen l tounen Canada. Li te di: “M poko avwe m pèdi.” Pran nimewo *Reader’s Digest* novanm lan, e li rele *Mirak Donny Morton Lan*—lan—lan. E—epi l te di ke, anndan la a, ke—ke nonm lan te di: “M poko avwe m pèdi, paske mwen konn yon gerisè lafwa ki rele William Branham, ki te lakòz de nan zanmi m ki te soud epi bèbè pou yo pale ak tande.”

153 E yo te rele pou eseye jwenn ki kote mwen te ko ye, nan—nan Etazini. Mwen te nan Costa Mesa, Kalifòni. E se yon atik, lè nou li li, pare pou n kriye. L ap jis brize kè nou. Kijan li te travèse rafal nèj, ak tout lòt bagay, ak bebe sa a! Li te di: “Fè atansyon, Donny.” Li te di: “Bon, nou pa pèdi.” E ti gason an pat ka menm souri, apèn, li te tèlman aflije. Li te di: “Nou pa pèdi, nou pral mande Bondye. Nou pral jwenn pwofèt Bondye a epi mande li.”

154 Kifè lè sa a yo vini nan nèj la. E yo te finalman rive laba a, e manman an tap vini avè yo, e yo pat gen ase lajan pou ale nan avyon, kifè yo te voye manman an tounen. E ti gason an ak papa a te dwe vini nan yon otobis, e kijan yo te woule tout wout la depi Winnipeg, Canada, rive Costa Mesa, Kalifòni. E yo te rive anndan la a, razè, e papa a rakonte kijan l te dwe chanje kouch pitit la sou li, yon ti gason apeprè sèt ou uit an, jis pafètman pa itil tèt li. E kijan li tap . . . pat ka jwenn yon chans pou manje oswa anyen, e li te di ti gason l lan te ka jis tande li pale. E li te ka di fason je l te gade a, ke li te—li tap eseye souri, nou konnen. E konnen ke li . . . Li te di li diferan sit li te wè, an Amerik.

155 E lè yo te rive anndan la a, nan Kalifòni, yo te di èd vwayajè a, kisa li vin wè. Li te di: “Vin wè yon Diven kisa?” Ak yon gwo pwendentèwogasyon.

156 Byensi, nou ka imajine kisa Lamerik te di sou sa, nou wè. Ou wè, se nou, ou wè: “Nou tèlman entèlijan! Nou konn tout bagay, ou konnen, e pa gen nesosite pou di nou anyen. Nou genyen tout ekri.” Ou wè?

157 E alò, donk: “Yon Diven kisa? Ou fè tout wout la sot Winnipeg, Canada?” Enben, yo te panse sa te tèrib.

158 De tout fason, jounal la te prepare yon—yon machin epi yo te voye l laba a. E li te di, lè yo te rive nan liy lan, kote l te ye a, li te di ke de mil sèt san moun tap tann pou yo priye pou yo. Men li te di, lè yo te wè ti gason ki parèt defòmè sa a, ak pòv papa sa a ak bonè li a sou tèt li, manto li an ranyon, li te di tout moun jis mete yo sou kote epi ba li plas li. Lè li te rive sou lestrad la . . .

159 Li kont règleman pou boukante yon kat pou lapriyè. Yon moun dwe vini nan reyinyon an epi pran pwòp kat ou. Si yo te janm kenbe nou nan liy lan, ap boukante kat pou lapriyè ak yon lòt moun, kat pou lapriyè a anile. Ou wè? Paske nou dwe vin tande enstriksyon yo epi konnen kijan pou n resevwa li. Sa depann de nou. Nou pa ka pran l pou yon lòt moun. Nou dwe vin pran l noumenm, konsa nou tande. Yon gwo moun te di: “Si . . . Ebyen, mwen pa kwè twòp nan bagay sa a. Men, petèt si L ap

geri mwen, mwen . . .” Nou wè? Epi sa lakòz yon ajitasyon sou lestrad la, kifè yo jis elimine bagay sa a anvan li rive la a.

<sup>160</sup> Kifè lè gason an te avanse, oswa papa a te avanse sou lestrad la, devan moun yo, Billy te mande li pou kat pou lapriyè li. Li pat gen okenn. Li te di: “Alò mwen regrèt, mesye.” Li te di: “Ou pral dwe tann.”

<sup>161</sup> Li te di: “Trè byen.” Li te di: “M ap tann.” Li te di: “M ap jis pran tou pa mwen tankou lòt yo, alò.” Li te di: “Mwen pat konnen mwen te dwe fè sa.”

<sup>162</sup> E kifè mwen tap pale ak yon moun, mwen te rive tande sa. Mwen te wè papa sa a ki ta prale, epi m te di: “Kisa ki te pwoblèm lan?”

Li te di: “Li pat gen yon kat pou lapriyè.”

E Yon Bagay te di mwen: “Fè l tounen.”

<sup>163</sup> Kifè mwen te di: “Mennen l isi a.” E papa a te avanse, e dlo nan je yo ap kouri desann sou figi li, li te bezwen raze. E li—li te apwoche, e men sa *Reader's Digest* la te di. Ou wè? Mwen pat poze okenn kesyon, men mwen te gade tou dwat nan figi bebe a, mwen te di bebe a ki kote l te sot, li te ale nan Klinik Mayo a, ak tout bagay ki pat ale avè l, kijan li te malad, ak tout bagay.

<sup>164</sup> E kifè papa a te kòmanse ap kriye, e li te kòmanse pral pati. E sa te di lè li te kòmanse kite lestrad la, e li te vire tounen, li te di: “Se vre, mesye.” Li te di: “Men èske bebe m lan ap janm viv?”

<sup>165</sup> Mwen te di: “Sa mwen pa ka di.” Mwen te di: “Jis on moman.” Mwen te wè yon vizyon parèt. Mwen te di: “Ou p ap vle kwè sa, paske Mayos ak Hopkins toude te di ke operasyon sa a pat ka fèt sou sèvo sa a, men m ap di w kisa pou w fè. Oumenm, demen, jis ale ak bebe sa a. Nan twa pwochen jou yo ou pral rankontre yon madanm ak cheve nwa nan lari a, e madanm sa a pral mande w kisa k pwoblèm lan ak bebe sa a. Epi li pral pale w de yon ti doktè andeyò isi a ki ka fè operasyon sa a, e ou p ap vle kwè sa, paske Mayo te refize li e te di: ‘Li enposib pou l fèt.’ Men se sèl chans bebe w la genyen, atravè pwisans Bondye, mizèrikòd Bondye ak operasyon sa a. Kounye a, si ou kwè mwen se pwofèt Li, al fè jan mwen di w la.” Tankou mete fig sou Ezekyas, e latriye.

Li te di, li te vire tounen epi li te di: “Mèsi.” Li te desann sou lestrad la.

<sup>166</sup> De jou oswa plis te pase, e li te nan lari a yon jou, e yon dam te pwoche, li te di: “Ki pwoblèm ki gen ak bebe w la?”

<sup>167</sup> Li te di: “Li gen yon—yon maladi nan sèvo.” E li tap kontinye pale konsa. E, ebyen, yo—yo te panse sa te mal anpil, ou konnen.

<sup>168</sup> Kifè li te di jis nan kèk minit yon bagay te pase. Manzè te di: “Mesye, mwen konn yon moun ki ka fè operasyon sa a.”

<sup>169</sup> Li te di: “Madam, gade, Frè Mayo yo abandone li e te di li pa ka fèt.” Li te di: “Yon mesye anwo isi a te priye pou li, li rele

Frè Branham.” Li te di: “Li te fè yon priyè pou bebe a.” Li te di: “Tann on minit! Cheve nwa, ap mete yon manto vès gri.” Li te di: “Se li.” Li te di: “Ki kote doktè sa ye?” E li te di li. Li te mennen l anwo la a e doktè a te fè operasyon an, bebe a te vin byen.

<sup>170</sup> Bon, sa te pibliye nan *Reader's Digest* la, ou wè. E Frè Mayo yo te rele m nan yon entèvyou pou sa. Li te di: “Reveran Branham, kisa ou te fè bebe a?”

<sup>171</sup> Mwen te di: “Anyen. Mwen pat janm manyen li. Mwen te sèlman di kisa Bondye te di m di li. Mesye a te obeyi li.”

<sup>172</sup> Bon, bagay dwòl la sou li, anviwon de semèn apre sa, oswa de semèn anvan sa, oswa twa, nan *Reader's Digest* la, petèt yon mwa anvan, atik sou Madmwazèl Piper a soti. Bon, li se yon sòsyè otantik, oswa yon medyòm. Bon, gen youn ki vrè, e gen yon moun k ap imite. Yo te gen madanm sa a depi 1897. Li gen plis ke santan kounye a, nan New York, toude . . . soud tankou yon po. *Reader's Digest* la, pran . . . Mwen panse li vin la a anviwon de mwa, oswa yon mwa anvan pa m lan; e nou ka jwenn li, nan kòmansman otòn. Mesye Baxter te genyen l isi a lòt jou a. Si mwen te panse a sa, mwen tap fè li . . . oswa konnen mwen ta pral di sa, mwen tap—mwen tap genyen l avè li. Mwen ka pran l pou nou. E li bay apeprè douz oswa katòz paj. Li te jis yon madanm nan kay òdinè. E li te tonbe nan yon trans yon jou, pandan l nan soufrans, e li kòmanse pale ak mò yo. E yo te gen madanm sa a nan tout mond lan, toupatou. Yo te mennen l ann Angletè. Yo te menm chanje rad li yo, anpil fwa, epi wè si te gen kèk bagay ki echape yo ak bagay konsa, e yo te ale laba a epi yo te degize yon moun ak yon mas sou figi li, yon Grèk, e li te pran pòz tankou li te yon Anglè. E li te di tout bagay sou sa. E li—li—li te vle rele youn nan konpayon li yo ki te mouri.

<sup>173</sup> Bon, sèl bagay li . . . Nan tout mond lan, e men *Reader's Digest* la te di l la a, men kèk sware pase, oswa kèk mwa de sa, youn nan bagay sa yo te devwale. Yon nonm te sipoze bo men fantom manman li, e nan demen yo te pwouve li nan tribinal lapolis la ke li te sèlman bo yon moso etamin. Gen anpil moun k ap imite medyòm! Yo sèlman vye ti lektè sa yo ki chita bò lari a, ki pa medyòm pou kòmanse. Yo pa anyen ke fo imitatè. Men gen yon vrè medyòm.

<sup>174</sup> E noumenm moun relijye yo, nou gen anpil imitatè sou toude bò. Kounye a rete trankil pou kèk minit.

<sup>175</sup> Kounye a remake, Madmwazèl Piper sa a se yon vrè medyòm. E magazin lan te di: “Men yon sèl bagay ki ka di avèk asirans, ke, lè yon nonm mouri, li pa mouri. L ap viv yon kote, paske madanm sa a rele espri yo tounen e pale ak moun yo.”

<sup>176</sup> “Bon, kisa li fè, Frè Branham? Èske w kwè li?” Wi, mesye. Bib la di sa, se pou rezon sa a mwen kwè li. E li sot nan dyab la. Espirityalis se trik dyab la. Kounye a remake, kounye a gade de sa yo.

177 Epi nou te dwe wè lèt ki vole vin jwenn mwen, lè sa a, lè atik mwen an te swiv pa l la. Èske sa pa etranj ke, jis anvan fen tan an, Bondye te pale bagay sa yo? E *Reader's Digest* la pibliye nan chak lang anba syèl. Ou wè? Remake, èske sa pa etranj ke yo te swiv youn lòt?

178 Bon men lèt yo ki te rive, sa te di: “Frè Branham, sa pwouve ou pa anyen ke yon medyòm.” Yo te di: “Sa pwouve li. Gade isi a, ou te di madanm sa a kote li ta pral jwenn. . . Gade madanm *sa a*?”

179 Mwen te di: “Tann yon minit.” Mwen te ekri yon lèt ofisyèl, (padone mwen), pou voye bay moun yo. Mwen te di: “Ala noumenm predikatè yo nou konnen yon ti kras.” Mwen te di: “Pase pou batize kò nou, nou bezwen sèvo nou batize.” Se vre. “Nou pa rete pou nou reflechi sou bagay yo. Nou pa eseye konsidere li.”

180 Se menm fason an yo te fè nan lòt epòk yo. Yo te wè Jezi. Yo te konnen Li te kapab. . . Li te konnen sekrè kè yo. Li te konnen kisa yo tap fè konsa. E yo te di: “Li se chèf demon yo. Li se Bèlzeboul la, pi bon divinò nan mond la.” Yo pat kanpe pou eseye chache konprann, pou wè se te Pitit Bondye a. Yo pat espiyèl ase pou yo konn sa. Se sa, yo pase anlè bagay la lè yo li. Sèten, Jezi te sipoze vini nan Jerizalèm, ap monte sou yon milèt, e latriye, men y ap gade dezyèm Vini an.

181 E se menm bagay la jodi a! Y ap pase anlè tèt vrè bagay la. Alelouya! Se vre. Mwen konnen ke Bondye isi a, apremidi a, e mwen konnen m ap pran anpil nan tan nou, men ou dwe wè sa, zanmi. Si mwen pa janm wè nou ankò, nou dwe konnen kisa demon yo ye, nou dwe konnen kisa Verite ak erè ye. E li tèlman pre, nou dwe fè distenksyon an.

182 Kounye a sonje, se pa pral laba a, yon bagay byen lwen sou bò *sa a* tankou Farizyen yo, oswa yon bagay lwen dèyè sou bò *sa a*. Li toupre isi a nan pòt la, drèt toupre li. Siveye li. Kounye a si mwen te pran. . .

183 Ann pran de ka sa yo. Si mwen te pran epi ban nou dola a, kounye a, si mwen ban nou yon fo dola. N ap itilize yon parabòl konsa nou ka wè li. Premye bagay ke ou tap fè, si ou se yon òm entèlijan, si ou ranmase yon dola epi ou te gade l, premye bagay la, w ap tate l epi wè ak kisa li fèt. Èske se vre? W ap gade ak kisa li fèt. W ap gade valè li. Yon vrè dola pa fèt ak papye, li on pati papye ak swa, ou wè. E premye bagay la, w ap dwe gade valè li. Sa se premye endikasyon an.

184 E kounye a ann pran li lòtbò sou bò *sa a*; epi pran Seyè a lòtbò sou bò *sa a*, k ap trete avè nou.

185 Kounye a gade, premye bagay nou dwe remake, tout bagay. . . Gade atik nou. Nan senkant e kèk ane dwòl yo nan fè divinò li, epi nan rele espri mò yo, li pat yon fwa mansyone

Bondye, Kris, gerizon Divin, delivrans, Jijman, oswa anyen. Pa gen anyen ke amizman ak foli nan sa.

<sup>186</sup> Men sou bò *sa a*, se Bondye san rete, Jijman, Vini Jezi, gerizon Divin, pwisans Bondye, delivrans. Gade valè li. Nou pa wè divinò ak sòsyè laba a kap preche Levanjil la. Kisa k pwoblèm lan ak moun yo? O la la! Remake!

<sup>187</sup> E vrè bagay pou fè a, si ou vle dekouvri si li se yon vrè dola oswa non, si li sanble tèlman anpil avè li, retire chif la ladan l epi voye l tounen nan kote yo fè monnen an. E si gen chif la a ki koresponn ak sa, gen yon dola ann ajan k ap tann li. Èske se vre?

<sup>188</sup> Ebyen, lè sa a, frè, pran sa l te fè a e pran l tounen nan Bib la, w ap jwenn se sòsyè Andò a.

<sup>189</sup> Epi pran sa ki isi a, w ap jwenn li dèyè, li sou Liv la isi a nan Kote yo fè Monnen an: “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Sètènman, menm travay Li! Li pat ale epi fè foli ak san sans ak moun. Se te pou yon byen, pou ede yon moun, pou kondwi yo bay Bondye. Amèn! Mwen pa “di amèn” pou tèt mwen, men *amèn* vle di “ensi swatil.” E mwen. . . Mwen kwè Li. Mwen konnen Se Laverite.

<sup>190</sup> Bon remake, men ni. Bon, byen rapid kounye a, paske mwen pa vle kenbe nou pi lontan.

<sup>191</sup> Men, ann prezante yon ti tablo isi a, yon ti tablo mantal. Men yon ti pas dlo pase dwat isi a, desann dwat nan direksyon *sa a*, ap desann travèse lavi. Kounye a gade. Se yon kanal. Ban mwen tout atansyon nou kounye a, konsa nou p ap rate sa. Desann dwat *konsa*. Bon, èt mòtèl yo abite nan ti kanal sa a isi a, noumenm avè mwen. Kounye a, anndan la a, ann gade kisa l ye. Se yon mas foli ak tout lòt bagay, men tanzantan n ap wè yon limyè. Nou wè fènwa ak lari, se amizman ak eksitasyon, demon anvayi moun yo. O, yo abiye byen, o la la, e trè kiltive otan yo kapab, savan rafine, men toujou dyab la. Men gen moun ki ne de nouvo ki chita anndan la a.

<sup>192</sup> Bon, moun sa yo nan kanal sa a enflyanse sou de bò diferan. Kounye a, bò kote sa a ki prale nan direksyon *sa a*, gen yon trinite. E bò kote sa a ki prale nan direksyon *sa a*, gen yon trinite.

<sup>193</sup> Bon, lè, kounye a premye kote a, sou bò *sa a*, se nanm *enjis* yo, lè yon nonm mouri li ale nan yon plas ap tann jijman. Jezi te ale epi te preche bay nanm sa yo ki te nan prizon la a. Pwochen an se demon. Answit, se dyab la nan lanfè. Antan n ap monte, an premye, kounye a, sila yo anndan la a se espri, espri mesye ki mouri yo ki pat janm repanti. Y ap tann Jijman an. Sèl bagay yo konnen se foli ak sa yo te fè.

<sup>194</sup> Kounye a, anwo isi a, Kreyen sa yo enfliyanse pa Anwo a. Sa se an parabòl. Anwo isi a se yon lòt Espri, Sentespri a, Espri yon Nonm, Kris Jezi. Sentespri a, Sentespri a enfliyanse Legliz Li nan domèn mòtèl sa a.

<sup>195</sup> Dyab la, pa espri *sa yo*, enfliyanse lòm. Kounye a, gade, pwochen an se Zanj. Pwochen an se Bondye. Kounye a, chak mòtèl isi a enfliyanse pa youn nan mond sa yo. Nou wè kisa m vle di?

<sup>196</sup> Bon sa fanm sa a te fè, li te penetre nan dimansyon sa a. E l ap pale ak mesye sa yo ki posede ak demon ki te, pou kòmanse, espri zanj ki tonbe sa yo ki pat repanti anvan laba a nan kòmansman an, e yo te pèmèt èt yo pou yo posede avè yo. E y ap tann Jijman.

<sup>197</sup> E *sila yo* bò isi a enfliyanse e ne de nouvo pa Espri Bondye a. E dyab la gen pwofèt li yo, e Bondye gen pa L. Ou wè kisa m vle di? Enfliyans li, e men nou. Kanpe pou fè distenksyon an. Jezi, lè Li te isi a sou latè. . .

<sup>198</sup> Kounye a, jodi a, li pa ka penetre nan dimansyon sa a epi fè yon òm jis soti nan dimansyon sa a. Li pat ka fè li, paske òm jis yo pa anndan la a kote yo te konn ye a, nan Paradi. Non, mesye. Paradi te fin elimine, lè San Jezi te wete li. Gad isi a. O la la!

<sup>199</sup> Si mwen te ka panse ak kijan ke Jezi, lè Li te mouri, Li t al preche bay nanm yo ki te nan prizon. Li te mouri, yon pechè, pa konn okenn peche, poutan peche nou te sou Li. E Bondye, pou peche L yo, te voye Li nan lanfè. Bib la te di: “Li t al preche bay nanm yo.”

<sup>200</sup> Kèk moun di: “Frè Branham, mwen pa ka konprann sa.” Yo te di: “Jezi te resisite sou twazyèm jou a. Li te mouri vandredi apremidi epi te resisite nan dimanch maten, enben, Li te sèlman mouri yon jou.”

<sup>201</sup> Li te di: “Nan espas tan sa a,” paske Li te gen yon Ekriti nan Bib la, ke Li te ka kanpe sou li. Paske, David, yon nonm ki te retwograde pita, men li te sove, men yon pwofèt anba enspirasyon Bondye a, li te di: “Mwen p ap kite nanm Li nan lanfè, nitou Mwen p ap soufri pou Sen M Lan wè koripsyon.” E li te konnen, twa jou ak nwit, ke kò sa a tap pran nan koripsyon. E Bondye te fin di pwofèt la: “Li p ap wè koripsyon.” . . . ? . . . [Pati vid sou kasèt la—Èditè a.]

Alalouya! Li te pran Pawòl Bondye a. Li te bat Satan, chak fwa, pa Li. Li te bat lanmò, sou Pawòl Bondye a. Alalouya! Li te bat lanmò. E lè yo te touye Li, e Li te mouri, yon pechè, peche m yo ak peche nou yo sou Li, Li te desann, mwen ka wè Li frape nan pòt sa a laba a.

E nanm pèdi sa yo te vini epi yo te di: “Ebyen, Kimoun Ou ye?”

<sup>202</sup> Li te di: “Poukisa nou pat koute Enòk? Poukisa nou pat koute lòt pwofèt sa yo ki te preche?” Yo te kondane. “Mwen se Pitit Bondye a ki te vivan yon fwa. Mwen gen . . . San Mwen te koule. Mwen vin di nou, Mwen te akonpli, sa pwofèt yo te di Mwen tap fè.” Li te desann jis pi lwen pase demon yo, drèt nan lanfè, Li te

retire kle lanmò ak lanfè nan men dyab la, Li te pandye yo sou kote Li, Li te remonte. Alelouya!

203 Se te byen bonè nan maten. Alelouya! Ann trase yon ti imaj isi a. Bonè nan maten, gen yon lòt gwoup ki te kouche bò isi a nan paradi. Yo pa la a kounye a.

204 Kounye a, noumenm gwo zanmi Katolik ki kwè nan entèsesyon sen yo. Si n ap pale ak yon sen nan legliz nou, nonm sa a se yon pechè, li nan lanfè, oswa—oswa l ap tann jijman li laba a. E si li te yon sen, li nan glwa Bondye a e l pa ka tounen. Se vre. Mwen ka pwouve sa. San towò yo pat ka retire peche, men San Jezi a divòse ak peche.

205 Mwen ka wè Jezi monte la a kote, nan Paradi, te genyen vye Abraham, Izaak ak Jakòb, ak sila yo anndan la a, Samyèl ak tout rès yo anndan la a. Mwen ka tandè Li frape nan pòt la. [Frè Branham frape sou chè a—Editè a.] Amèn! O, mwen renmen sa. M ap rive drèt. . . m santi m on jan relijye kounye a. Mwen ka wè Li gade laba a. Mwen ka tandè l di: “Kimoun ki deyò la a? Kimoun Sa ki la a?” Li te di: “Mwen, sa se Abraham k ap pale. Kimoun Sa ye?”

206 “Mwen se Semans Abraham lan.” Amèn. Mwen ka wè Abraham vin nan pòt la, louvri pòt la. Li te di: “Mwen se Semans Abraham lan.”

Danyèl te di: “Gade la a! Men Wòch ke mwen te wè ki te detache sot nan mòn lan.”

207 Mwen kapab tandè Ezekeyèl ki di: “Men Li! Mwen te wè Li, tankou pousyè anba pye Li, nyaj yo kap deplase, lè belye yo. . . t ap bat men yo, fèy yo, e yo tout te rele.” O, mwen ka wè diferan sila yo la a nan Paradi, ap tann Li.

208 Mwen ka tandè Li di: “Vini! Jou a ap leve la a nan Jerizalèm. Nou dwe soti isi a. N ap monte, paske nou te gen konfyans nan san towò yo ak bouk yo, ap tann tan an pou San Mwen. Men San Mwen te koule anwo la a sou Kalvè. Mwen se Pitit Bondye enkanè a. Tout dèt peche peye. Nou sou wout soti nou!” Alelouya! Glwa pou Bondye!

209 Mwen ka wè Abraham atrap Sarah nan bra, e men yo vini, yo soti drèt! Nan Matye 27, lè li te soti, mwen ka tandè yo fè yon ti kanpe alantou Jerizalèm laba a. E premye bagay nou konnen, mwen ka wè Kayif ak lòt yo ki kanpe nan lari a, ap di: “Yo di mwen ke nèg sa a te resisite. Ey, kimoun nèg sa a ye ki prale laba a; jenn kanmarad sa a, jenn fi sa a?”

210 Yo pa vye granmoun ankò; se te Abraham ak Sarah. E yo te disparèt. Yo te gade: “Yon moun ap gade nou.” Yo te ka disparèt jis tankou Li te pase nan miray la, menm kalite kò a. Alelouya! Egzak. Men tout pwofèt yo ak lòt yo, ap mache nan viwonn lan, ap vire gade vil la.



211 E Jezi te louvri chimen an pou monte dwat anndan, oswa anwo zetwal yo, lalin lan, nyaj yo, e Li te mennen kaptif yo an kaptivite, Li te bay lèzòm don. Jezi chita jodi a bò men dwat Papa a, Li te monte anwo la a, Li chita, jouk tout advèsè L yo vin fèt mach pou pye Li.

212 E jodi a, chè zanmi Kretyen mwen, demon yo ap travay tout kote. E Lespri Bondye a ap avanse drèt, sou lòt bò a, pou kontrekare l chak fwa. Alélouya! Men ni. Journal yo ak digests yo ak tout lòt bagay ap deklare li. Y ap obsève li. Yo pa ka wè kisa l ye. Kisa l ye? Se prefigirasyon de gran konfwontasyon k ap vini trè byento an, ant Bondye ak dyab la. Ranje nou bò kote Bondye epi vin dwat nan kè nou. Amèn.

213 Isi a sa pa fè lontan mwen te anwo nan Toledo, Ohio, m te gen yon reyinyon. Mwen pral fenmen.

214 Nou wè kisa m vle di sou demon yo? Y ap travay. Yo trè relijye, jis osi relijye! O, yo ale legliz chak dimanch, repete Kredo Apot yo, epi chante Doksoloji a. O la la, jis osi relijye otan ke yo kapab!

“Frè Branham, ou vle di sa se Laverite?”

215 Se kalite espri sa ki te pandye Jezikri sou kwa a. E Jezi te di: “Nou vin de papa nou, dyab la.”

216 Kounye a kèk nan yo te di: “O, Larisi se antikris la.” Jamè! Larisi pa antikris la. Antikris la pral tèlman relijye l ap twonpe Eli yo menm si sa posib.

Sonje, Bondye pran lòm Li, men jamè Espri Li. Dyab la pran lòm li, men jamè espri li. Kounye a, men yo. Fè sa nou vle fè. Mwen sèlman responsab pou Laverite.

217 Demon yo, y ap travay! Yè, mwen te trete de yo nan yon domèn fizik. Jodi a, mwen montre nou sa yo ye nan domèn espiritèl, ki kote yo ye nan domèn relijye a. Ki kote yo ye laba a, nan sa yo rele kansè a, ak sa yo rele *sesi*, *sela*, ak se lòt bò, men mwen te pwouve nou, pa Bib la, yo se demon. Kounye a, bò isi a, jodi a, men yo isi a ankò nan domèn relijye a, trè relijye, trè pye.

218 Si sèlman nou te kòmanse reflechi, frè. Kayen, sila ki kòmanse tout bagay la, se te yon nonm trè relijye. Ezaou te yon nonm trè relijye. Jida te yon nonm trè relijye. Se relijyon. Se pa mond deyò a. Li nan ran yo menm. Veye sa, demonoloji! Petèt on tikal pita, yon fwa, mwen ka rive sou li on tikal plis. Li kòmanse fè ta.

219 Pa kondane pèsòn. Renmen tout moun. Si nou pa ka renmen nan kè nou, alò Kris pa avè nou.

220 Nan Toledo, Ohio, mwen te antre nan yon ti restoran. Mwen tap manje nan yon plas, yon ti plas Dunkard, yon bèl ti plas. Yo te trè janti. Nan apremidi sa a yo te fenmen, pou al nan lekòl dimanch. E lè yo te fè l, mwen te dwe travèse lari a, al nan yon vye ti plas monden, e mwen te mache antre la a. E mwen konnen li ilegal pou jwe aza nan Ohio. E men yon polis leta te kanpe la

ak bra li toutotou yon jennfi, men li pandye isi a sou lestomak li, ap jwe nan yon machin pou lajan monnen. Lalwa nan eta nou yo ak peyi nou an, tout fini. Sa fè pitye!

221 Mwen mete konfyans mwen sou Kris Woche solid la, mwen kanpe, tout lòt teren se sab kap bouje. Nanpwen anyen lòt ki rete. Se vre.

222 Mwen te gade dèyè la a, e te gen yon bèl jenn dam, petèt nan adolesans li, diznèf, dizuit, diznevan. E kisa yo tap fè, ti mesye sa yo laba a arebò tab la, se te tèrib. Mwen te chita la a. E kounye a mwen te sezi, antan m te chita la menm kote yon dam ki te vini, te di m: “Èske w vle chita?”

Mwen te di: “Mèsi. Mwen te vle yon ti dejene.”

223 Epi chita nan yon chèz, te gen yon dam aje ki te chita, aje menm jan ak manman mwen, senkann senk, senkanntuit an. Li te mete yon ti pè nan ti rad endesan sa yo ke yo mete.

224 Yo pretann li bay frechè. Lasyans di: “Ou fou.” Sètènman, se pa sa. Nou jis vle montre tèt nou toutouni. Se yon wont, yon dezonnè. Yon dam p ap mete sa yo sou li. Yon fanm ap fè l, men yon dam p ap fè l.

225 E alò, kifè donk yo . . . men li te la a, chita la a. Pòv chè li te lage. Li te gen kalite maniki sa a ki sanble òkide, kèlkeswa sa nou rele li, sou bouch li. Ak cheve l yo koupe trè kout tankou yon gason, ki te tou grenn; sa Bib la te di, ki te yon lawont. E yon fanm, ke yon nonm . . .

226 Bib la deklare, si yon fanm koupe cheve l, yon nonm gen dwa repidyè l nan divòs, paske li pa onèt avèk li. Nou dwe kòmanse epi preche Bib la isi a youn nan jòu sa yo. Sa te di: “Si li koupe cheve li, li dezonore mari li.” Si li dezonorab, yo ta dwe repidyè li. Ou pa ka marye ak yon lòt, men ou ka repidyè li. Fiouw! Gason, sa, sa pral rèd, mwen ka santi li. Men se Laverite.

227 O, te gen yon tan, nou te jwenn sa nan domèn Sentespri a, men nou leve baryè yo. Yon vye frè te konn abitye di: “Nou leve baryè yo, nou leve baryè yo, nou te fè konpwomi ak peche. Nou leve baryè yo, brebi yo soti, men kouman bouk yo te fè antre?” Nou leve baryè yo. Se sa ki te pwoblèm lan. Nou leve baryè yo, mond lan ak legliz la te melanje ansanm. Jis tankou Moabit yo e latriye, ak Balaam, ki te fè yo marye youn ak lòt, se jis egzaktèman menm bagay la jodi a. Epi tout legliz la polye, e laj Pannkotis la se laj Lawodise a, ki vin tyèd, e ke Bondye te vomi soti nan bouch Li. E Bondye rele rès Li a, pou l soti nan tout gwoup sa, Li mennen Li Lakay, se egzaktèman vre, egzaktèman, atravè rezirèksyon an.

228 E men li te la a, chita la a, maniki pou bouch nan tout figi l, e se te toupatou konsa. E li te gen bagay nwa sa isi a sou je li, e li tap swe, sa tap koule desann. E pòv vye bagay la te ka gen aryè pitit pitit. E li te chita la a ak de mesye aje, e youn nan yo ak yon

gwo vye foula nan kou li, e se te an jen, li te chita la a. E misye te leve, e li te on jan ap bwè, e manzè tap bwè, tou. E manzè tap gade toutotou li.

<sup>229</sup> Mwen te panse: “O Bondye! Bondye, poukisa Ou pa jis efase bagay la sou kat la? Poukisa Ou pa fè l? Èske ti Sharon mwen an . . . Ti bebe m lan, ti Sarah mwen an ak ti Rebekah mwen an dwe leve nan jenerasyon sa a, pou vin fè fas ak bagay konsa?” Mwen te panse: “Gade isi a nan pak sa yo ak tout bagay, ak kisa kap pase.” Mwen te panse: “O Bondye! O, mwen kontan Ou te pran Sharon si se te volonte Ou. Èske ti Rebekah m lan ak ti—ti Sarah mwen an dwe leve anba bagay konsa?” Ke, e moun sa yomenm yo rele yo . . . y ap chante nan koral la ak tout bagay. E mwen te panse: “Èske se pa yon wont?” Mwen te panse: “Bondye, kijan jistis Sen W lan ka sipòte sa? Sanble tankou endiyasyon jis Ou a ta dwe vole la a epi—epi eksploze plas sa a.”

<sup>230</sup> E mwen te tande Anj Seyè a, ki te di: “Vin sou kote.” Mwen te mache bò la a. E lè Li te fini avè m, mwen te santi m tankou yon moun diferan. “Pou kisa w ap kondane li?”

Mwen te di: “Gade sa, fason li ye a.” E men kisa Li . . .

<sup>231</sup> Mwen te wè yon vizyon. Mwen te wè yon mond tankou *sa a*, won, yon lòt mond. Men mond sa a *isi a*, li te gen yon akansyèl toutotou li, e se te San Kris la ki pwoteje de kolè Bondye. Li pat ka gade sa, Li—Li tap detwi bagay la touswit, paske Li te di: “Jou ou manje ladann, se jou sa a w ap mouri.” Kifè Li tap fè l.

<sup>232</sup> Alò mwen te panse konsa. Mwen te wè tèt mwen. Malgre mwen pat fè sa, men mwen te yon pechè, kanmenm. Epi San Jezikri aji pou nou tankou yon pachòk. Ou wè? Ke, lè mwen peche, peche m yo frape Li e te souke tèt presye Li a, e mwen te ka wè dlo nan je ak San ap koule desann. “Padone li, Papa, li pa konn kisa l ap fè.” E mwen te fè yon lòt bagay epi sa te frape Li. “Padone li, Papa.”

<sup>233</sup> Si li pat janm rete sou Li, mwen tap detwi. E si mwen pat janm asepte gras Li, e jou nanm mwen navige lòt kote a, mwen deja jije. Mwen te rejte. Pa gen anyen ki rete ke jijman. Jije, mwen te deja jije. Bondye te di: “Jou ou manje ladann, se jou sa w ap mouri.” Yo jije w byen la a. Sa se syèj jijman an apremidi a, atitid ou anvè Kris.

<sup>234</sup> E apre sa mwen te fè panse sa: “Wi, se vre.” E mwen te wè yon jou mwen te ranpe monte al jwenn Li. Mwen te wè vye liv mwen an poze la a, yon pechè, tout bagay te enskri la a sou li. Mwen te wè se te akòz peche mwen, e mwen te di: “Seyè, èske W ap padone mwen?”

<sup>235</sup> Li te mete men Li bò kòt Li, Li te retire enpe San, Li te ekri sou li, epi Li te di: “Padone.” Li te jete li nan lanmè bliye a, pou L pa janm sonje l ankò. Li te pati pou tout tan! Li te di: “Mwen padone ou, men w ap kondane li.”

Sa te chanje lide mwen. Mwen te di: “Seyè, gen pitye.”

236 Apre mwen soti ladan l, mwen te pwoche epi m chita. Mwen te di: “Kijan w ye, madanm?”

Li te di: “O, alo.”

237 E mwen te di: “Si w ap padone mwen,” mwen te di: “Mwen se Reveran Branham, you minis.”

Li te di: “O, eskize m. Eskize m, Reveran Branham.”

238 Mwen te di: “Madam,” mwen te jis rakonte l istwa a, mwen te di: “Mwen te kanpe la a, e mwen tap kondane ou, e m tap panse: ‘Ala yon bagay tèrib!’ Petèt ou gen pitit.”

Li te di: “Mwen genyen.”

239 Mwen te di: “Kisa ki lakòz sa mal tounen?” Li kòmanse revele yon istwa ban mwen ki tap rache nenpòt kè. Mwen te di: “Mwen—mwen tap mande Bondye poukisa Li pat jis bale bagay konsa sot sou tè a. Men, oudenm isi a ak de mesye sou sa yo, e ou sou, oudenm.” E mwen te di: “Yon jou. . . San sa a ap kenbe kòlè Bondye pou l pa vini sou ou. Ou pral mouri youn nan jou sa yo. E, alò, ou—ou gen lib abit kounye a, ou ka rejte oswa resevwa.” Mwen te di: “Men yon jou nanm ou prale pi lwen la a, kote p ap gen okenn mizerikòd ki rete. E si ou mouri nan peche w yo, ou deja jije, e ou pral nan lanfè.”


240 Nou konn kisa? Madanm sa a te glise sot nan chèz sa a la a nan restoran sa a. Nou te gen yon reyinyon priyè tankou nou pat janm tande nan vi nou, e li vin jwenn Kris. Kisa l te ye? Pa kondane yo; di yo Levanjil la. Yo posede ak demon; yo se mòtèl nan dimansyon sa a. Yo enfliyanse pa lòtbò isi a. Enfliyans pa nou sot anwo. Ann wè kisa nou ka fè ak talan nou yo, pou n genyen lòt pou Kris.

241 Papa nou ki nan Syèl la, n ap remèsye Ou pou bonte ak mizèrikòd Ou. Mwen regrèt, Seyè; petèt, moun yo, mwen te kenbe yo isi a tèlman lontan. Men kòm se fènti reyinyon apremidi sa yo konsa, mwen te vle pale yo de “demon yo,” e mwen te pale twòp de sa nan yon sèl kote, nan yon sèl prèch, men petèt yo ka triye li, isi e la a, epi konprann kisa m te vle di. Ou konn entensyon kè mwen, nan pote li.

242 Se pou moun yo soti isi a apremidi a, epi gason kon fanm veye chak mouvman yo fè, men viv nan kè kontan epi lib. Se pou yo konnen ke Bondye te sove yo. E se pou yo gade vè Li, bliye tout is ak bagay ki antoure yo, epi viv nan lapè ak moderasyon, epi nan lakrent pou Bondye. E alò, Bondye, lè Ou vle itilize yo pou nenpòt bagay, Ou ka pale dirèk avèk yo epi voye yo kèlkeswa kote Ou vle yo ale oswa kèlkeswa sa Ou vle yo fè. Se pou moun yo enb epi jwenn Kris nan kè yo. Padone nou, Seyè, pou fot nou yo, chak grenn nan nou.

243 E nou konnen ke—ke Satan ap wode tankou yon lyon kap gwonde, toupatou, ap devore sa li vle, sou vwal relijye. O Bondye,

pòv timoun sa yo, gade yo, toupatou. Yo vilnerab epi yo ekspoze devan moun yo. E mwen priye W, Bondye, pou W gen mizèrikòd pou yo, epi sove tout sa ki pèdi yo, geri malad yo. E, Bondye, nou reyalize ke vye demon maladi sa yo k ap vini sou pitit Ou yo, ke Ou gen yon ekspiyasyon ki poze laba a, pou okipe de sa. E tout demon ki ta lakòz yo peche, Ou gen yon ekspiyasyon ki poze laba a, kap okipe de sa. E mwen priye ke W va akòde li nan Non Jezi. Amèn.

Mwen mande m si gen . . . 

53-0609A Demonoloji — Domèn Relijye  
Anfiteyat Roberts Park  
Connersville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)